ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№13 (24.139) ● 2021 гъэм мазаем (февралым) и 6, щэбэт ● Тхьэмахуэм щэ хъыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КІуэкІуэ Казбек ІущІащ УФ-м ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ ІэнатІэмкІэ и министр Файзуллин Ирек

КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек мазаем и 5-м Москва щыІущІащ Урысей Федерацэм ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ ІэнатІэмкІэ и министр Файзуллин Ирек.

ЗЭІУЩІЭМ щытепсэлъыхьащ «ПсэупІэ» щІыналъэ проектыр Къэбэрдей-Балъкъэрым 2020 гъэм зэрыщагъэзэщІам кІуикІуэхэм, ухуэныгъэ ІэнатІэмрэ ЖКХ-мрэ 2030 пщІондэ зегъэужьыныкІэ щыІэ хэкІыпІэхэм.

2020 гъэм республикэм щатащ псэупІэ метр зэбгъуэзэнатІэ мин 500 хуэдиз, ар проценти 5,4-кІэ нэхъыбэщ зыхуагъэувыжауэ щытам нэхърэ. «ПсэупІэ» щІыналъэ проектым ипкъ иткІэ 2021 гъэм я мурадщ псэупІэу метр зэбгъуэзнатІэ мин 513-рэ ятыну. 2030 гъэм ирихьэлІэу а бжьыгъэр ильэсым кІуибыдэу метр зэбгъуэзнатІэ мин 761-м нагъэсыну я мурадщ, ильэсипщІым псори зэхэту ятынущ псэупІэ метр зэбгъуэзнатІэ мелуанибл хуэдиз. Тепсэлъыхьахащ псэупІэр ипотекэу къыІахыфу щытынми, абы къуажэхэми апхуэдэ ІэмалкІэр къыщызэгъэпэщыни хэту.

Щхьэхуэу зэпкрахащ республикэм и жьлгъэкІэ псыкІэ къызэгъэпэща зэрыхъур.

Республикэм щагъэзащІэ «Псы къабзэ» проектыр, абы ипкъ иткІэ 2024 гъэ пщІондэ щІыналъэм къыІэрыхьэнущ сом мелуан 424,4-рэ.

«Псы къабзэ» къэрал проектым хыхьэу республикэм 2020 гъэм щаухущ е щызэрагъэпэщыжащ объект 32-рэ, псоми зэхэту сом мелуани 160,3-рэ текІуадэу.

2021 гъэм яубзыхуащ щыхуэзр псыкІэ къызэзыгъэпэщ объект 19 яухуэну е зэрагъэпэщыжыну. А лэжьыгъэхэм псори зэхэту сом мелуани 128,2-рэ хухахынущ. А Іуэхум щытепсэлъыхьым хэплъащ республикэм и жьлэхэр псыкІэ къызэрызэгъэпэщар ирагъэфІэкІуэным хухаха мылъкым иджыри къыхущІагъуныкІэ щыІэ хэкІыпІэхэм.

Фэтэр куэд зыхэт унэхэр къызыхуэтыншэу зэгъэпэщыжкІи Іуэхум и гугъу щащІым, республикэм и Іэтащхьэм жиІащ щІыху куэдым зздай мылъкуу щыт, фэтэр куэду зэхэт унэхэр зэгъэпэщыжыным хуэунэтІа программэм 2020 - 2021 гъэхэм фэтэр куэд зыхэт унэу 160-м щІигъу зэрыхагъэхьар, 2020 гъэм сытКІи зыхуей хуэзэу зэрагъэпэщыжащ унэ 83-рэ.

ЗэІущІэм и кІэуэным КІуэкІуэ Казбек Файзуллин Ирек фІыщІэ хуищІащ Прохладнэ кІалэ округымрэ Прохладнэ районымрэ я щІыналъэ сымаджэщ нэхъыщІхьэм и хирургие корпусыр иджырей диагностикэ, операцэ щащІкІэ къагъэсэбэп ІэмэпсымэхэмкІэ ирикъуу къызэгъэпэщыныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэрызэхъыщІигъэкуам папщІэ - абы папщІэ щІыпІэм къыхуаутІыпщащ сом мелуан 68-рэ. А ахъшэр зытрагъэкІуэдэнухэм ящыщ сымаджэщыр зэрагъэплъ хьэкущІэхэр гъэувыныр, сымаджэщыр медицинэ кислородкІэ къызэзыгъэпэщ газификатоким и лъэщагъым хэгъэхъуэныр, кислороду тонни 3 зэрыхуэну кумбыгъи ягъэувыныр (иджыпсту яІэм ихуэр зы тоннщ).

2020 гъэм и мэлыжьыхьым ята сымаджэщым пандемием и зэман пЛандэрэ госпиталь щыІэжьащ, иджы коронавирус зыпкърытхэр абы ирашэлІэжьыркъым икІи нэхъапэм зытета мардэм теувэжу зэрылэжьэнум зыхуегъэхьэзыр.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі эрэ.

КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек хэтащ УФ-м и Правительствэм щІыналъэ зыужьыныгъэмкІэ и комиссэм и президиумым иригъэкІуэкІа зэІущІэм

Урысейм и Правительствэм и Унафэщ Іым и къуэдзэ Хуснуллин Марат видеоэзэпыщІэныгъэ мардэм тету мазаем и 4-м иригъэкІуэкІащ Урысей Федерацэм и Правительствэм щІыналъэ зыужьыныгъэмкІэ и комиссэм и президиумым и зэІущІэр. Абы и лэжьыгъэм хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек.

ЗЭІУЩІЭМ щызэпкърахащ къалэхэр ущыпсэуну тынш щІыным хуэгъэпса щІыналъэ проектхэм ябгъэ иткІэ 2020 гъэм зэфІагъэкІаэр, дызэрыт илъэсым къапэщыт къалэнхэр.

Илъэс кІуам жьыл 39-м фэтэр куэд зыхэт унэхэм я пщІантІэу 122-рэ (апхуэдэу зэлэжьыну къапэщытар 117-рэт), цІыху зэхуэсыпІэ 34-рэ зэІузэпэщ щащІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым. Муниципальнэ зэгурыІуэныгъэхэр щызэращІылІэм зэфІагъэкІынухэм трагъэкІуэдэну яубзыхуа мылъкым щыщ къызэрыдагъэхуам и фІыгъэкІэ пщІантІитху лейуэ зыхуей хуагъэзащ.

«Къалэхэр иджыпрей мардэм къизагъэу щытыныр, ущыпсэуну тынш щІыныр» КЪБР-м и къэрал программэм псори зэхэту сом мелуан 248-м щІигъу трагъэкІуэдащ. Лэжьыгъэхэр и пІалъэм къитІасэу зэфІагъэкІащ.

Яухащ Бахъсэн къалэм и паркыр зыхуей хуэгъэзэным хуэунэтІа лэжьыгъэхэри. Абы трагъэкІуэдэну сом мелуан 85-р Бахъсэн щІыналъэм и административнэ центрым къыхуаутІыпщат, къалэхэр сыт и лъэныкъуэкІи зэІузэпэщ щІыным трауха Урысейпсо зэпеуэм зэрыщытекІуам папщІэ. Лэжьыгъэхэр щрагъэкІуэкІащ гектар 26-рэ къызэщІзэыубыдэ щІыпІэм.

Къалэхэм ущыпсэунур тынш щІыным хуэгъэпса IV Урысейпсо зэпеуэм «Къалэ мыинхэр» и Іыхьэм 2020 гъэм щытекІуащ Шэджэм къалэр. Абы папщІэ Шэджэм хухахащ сом мелуан 50.

Мы зэманым Урысейм Ухуэныгъэмкі и министерствэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ зэращылІащ ухуэныгъэхэр, зэгъэпэщыжьныгъэ лэжьыгъэхэр зэрырагъэкІуэныр щыкІэхэр, абыхэм хуагъэув пІалъэхэр къыщыгъэлъэгъуа зэгурыІуэныгъэр. Абы ипкъ иткІэ зэхалъхьащ «Шэджэм-парк» ухуэныгъэм и проектыр.

«Къалэхэр ущыпсэуну тынш щІыныр» къэрал проектыр гъэзэщІэным 2021 гъэм хэтынущ республикэм щыщ муниципальнэ зэгухьэныгъэ 40. Абыхэм я мурадщ щыху зэхуэсыпІэу 31-рэ, пщІантІэу 89-рэ зэІузэпэщ ящыну. ИджыпстукІэ муниципалитетхэм щызэфІагъэкІа лэжьыгъэхэр зэрырагъэкІуэкІынум тегуэуа зэгурыІуэныгъэхэр зыхуэфащэ Іуэхущ Іапі эхэм иращыпІэныр.

ЗэІущІэм щхьэхуэу щыхэплъащ 2020 - 2021 гъэлъпІэгъуэ лъэхъэнэм ехьэлІа Іуэхуэхэр зэрекІуэкІым.

«Зэрыщыту къапщтэмэ, щІымахуэм щыщу мазитІыр арэзы укъищІу екІуэкІащ, ауэ щытыкІэ къызэрымыкІуэкэри къэхъуащ. Щ Іыналъэхэм я Іэтащхьэхэм фІыщІэ яхуэсщІыну сыхуейщ апхуэдэ щытыкІэхэр зыхуэфащэ ІэнатІэхэм и чэзум зэрагъэзэкІужам папщІэ, ику иту зы сыхьэтым къриубыдэу я лэжьыгъэхэр зэфІагъэкІыу», - жиІащ Хуснуллин Марат.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі эхэ.

ЩІыналъэхэм къапэщыт къалэн нэхъыщхьэхэр щызэпкърах «муниципальнэ сыхьэт»

КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек, хабзэ зэрыхъуам тету, «муниципальнэ сыхьэт» иригъэкІуэкІащ. Абы щытепсэлъыхьащ республикэм щІы эпидемиологие щытыкІэм, лъэпкъ проектхэр зэрагъэзащІэм, къагъэсэбэпа энергием хуэзэ уасэр зэратым, муниципальнэ зэгухьэныгъэхэм я сэбэп зыхэлъхэм судхэм къащыщхьэщыжьыным ехьэлІа лэжьыгъэр зэрызэтеухуа щыкІэм.

ЗЭІУЩІЭМ хэтащ КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщ **Мусуков Алий**, абы и япэ къуэдзэ **Къуныжь МуІэед**, Правительствэм и Унафэщ Іым и къуэдзэ **Хъубий Марат**, Іэхэхуэр зэхьэлІа министерствэхэм я унафэщІхэр, республикэм и муниципальнэ зэгухьэныгъэхэм я Іэтащхьэхэр.

Эпидемилогие щытыкІэм и гугъу щащІым КІуэкІуэ Казбек къыхигъэщащ узыфэр зыпкърытхэм я бжьыгъэр хуэмурэ зэрехьр: госпиталхэм щІэтыщ цІыху 743-рэ, реанимацэхэм 73-рэ. Нэхъ мащІэ хъуащ зы жащ-махуэм хэриубыдэу сымаджэу къахутэхэм я бжьыгъэри. Госпиталь зыбжанэм сымаджэхэр яшэжыркъым, республикэм щыІэ гъуэлъыпІэ 1235-м щыщу сымаджэхэм къыхуагъэсэбэпыр процент 62-рщ, хуей хъумэ ягъэгъуэлъыну гъуэлъыпІэ 450-рэ яІэщ.

Коронавирусым зэрыпэщІэт мастэр цІыхухэм яхэлъхьэным хуэгъэза лэжьыгъэми пащэ. Вакцинэр щыхалъхьэ щыпІэ 43-рэ къызэІуахащ, лэжьакІуэ гупхэм кІуэурэ мастэхэр халъхьэуи Іуэхур зэтракуащ. Республикэм къыІэрыхьащ коронавирус узыфэм пэщІэтыф «Гам-Ковид-ВАК» вакцинэм хуэдэу хэлъгуэ 8242-рэ. Нобэм ирихьэлІэу цІыху 3197-м мастэм и япэ хэлъгуэр халъхьащ, етІуанэр миным щІигъум.

Республикэм и Іэтащхьэм къыхигъэщащ, коронавирус зэуэлІахэм я бжьыгъэр нэхъ мащІэ хъуэжьами, ягъэувя мазитдэхэр къэгъэтІэсхъэным и гугъу пщІыну зэкІэ зэрыпасэр, псом хуэмыдэу цІыху куэд зыхэт дауэдапщэхэр егъэкІуэкІыным уепІэщІэкІ зэрымыхъунур.

Лъэпкъ проектхэмрэ къэрал программэхэмрэ гъэзэщІа зэрыхъур КЪБР-м и Іэтащхьэм хуиуІэтащ Правительствэм и Унафэщі Мусуков Алий. Премьер-министрым жиІащ абыхэм я нэхъыбапІэр муниципалитетхэм зэрыІэрагъэхьар. «Къызэгъэпэщыныгъэ Іуэхуэр зэрызэфІэкІыу, зэман гъунэгъум дэ яужь дихьэнущ проектхэр гъэзэщІэным», - жиІащ абы.

Республикэм и Іэтащхьэм зэІущІэм хэтхэм ягу къиГъэкІыжащ лъэпкъ проектхэр гъэзэщІэным ехьэлІа Іуэху псоми муниципалитетхэм я Іэтащхьэхэм я нэІэ зэпымыууэ зэрытетыпхъэр.

Къуныжь МуІэед и гугъу ищІащ къагъэсэбэп энергоресурсхэм хуэзэ уасэр къызэрыкІым. КІуэкІуэ Казбек зыхуэфащэ ІэнатІэхэм пщэрыльэ ящищІащ Іуэхущ Іапі эхэм абы и лъэныкъуэкІэ ахъшэр къызэрыхэкІыр къапщытэну. «Си фІэщ хъуркъым цІыхухэм ягъэ энергием и уасэр ямыту. Аращи, муниципалитетхэм я унафэщІхэм псом япэрауэ къапщытапхъэщ Іуэхущ Іапі эхэм абы и лъэныкъуэкІэ я хьэкъуэр зэрызытрагъэкІыр», - жиІащ Іэтащхьэм икІи щІыналъэхэм я унафэщІхэм къалэн ящищІащ организацэхэм апхуэдэ щыхуэз ятелърэ ятемылърэ зэхагъэкІыу абы унафэ тращІыхьыну.

Іэтащхьэм апхуэдэу ІэнатІэ щхьэхуэхэм я пщэ дилъхьащ энергиер къызэгъэсэбэпхэм квитанцэхэр тэмэму яІэрыгъэхьэным я нэІэ трагъэтыну, Іуэхутхьэбзэ зыхуащІэхэм ящыщу пщІэхэр зэуэ зэрат тхьилъхэр къэзыгъэсэбэпхэм я бжьыгъэ нэхъыбэ ящыным яужь итыну. «Энергоресурсхэм хуэзэр тэмэму ятынир тхуэзтеухуэмэ, дэ иужькІэ и гугъу тщІы хъунущ абыхэм я тарифхэм кІэрыдгъэхуным, аращи, абы хуэгъэза лэжьыгъэр щІэдгъэжуэбжьапхъэщ», - къыхигъэщхьэхукІащ абы.

Щхьэхуэу хэплъащ муниципальнэ зэгухьэныгъэхэм я сэбэп зыхэлъхэм суд Іуэхущ Іапі эхэм къащыщхьэщыжьным ехьэлІа лэжьыгъэр зэрызэтеуухуа щыкІэм. Республикэм и Іэтащхьэм къыхигъэщащ а Іуэхум жэуапльныгъэ хэлъу бгъэдыхьэн зэрыхуейр, псом хуэмыдэу муниципальнэ мылъкур хъумэным, нэгъэущІ Іуэхуэхэм ехьэлІахэм. «Суд Іуэхущ Іапі э нэхъыщхьэхэми Іуэхур щызэхэбгъэкІухунущ, хабзэм апхуэдэ хуитыныгъэ къыщыдиткІэ. Муниципалитетым, щІыналъэм щыпсэухэм я сэбэп зыхэлъхэр хъумэжьи хуейщ», - къыхигъэщащ УнафэщІым. Іэтащхьэм абы зи нэІэ тетын хуейхэм къалэн ящищІащ муниципальнэ зэгухьэныгъэхэм абы и лъэныкъуэкІэ я Іуэху зыІутыр наІуэ къащІыну.

Республикэм и Іэтащхьэм гулъытэнэщу къиГъэнакъым Шэрэдж Ищхьэрэм дэт курыт школыр зэгъэпэщыжьын зэрыхуейм теухуауэ социальнэ сферэхэм иджыблагъэ къыралъхьа хъыбарыр. «Ди жагъуэ зэрыхъущи, апхуэдэ щытыкІэ итыр а школым и закъуэкъым. Апхуэдэхэр зыбжанэ мэхъу. Пэжщ, а лэжьыгъэм тедгъэкІуэдэн мылъку зэкІэ хэралым тхухихакъым, ауэ дэ къэдгъуэтынщ ар 2021 гъэм зэрызэдгъэпэщыжьын ахъшэ. ЩІыпІэм дыкІуэн хуей хъумэ, дыкІуэнщ. Ауэ апхуэдэ зы школи республикэм щыІэн хуейкъым - диІэ псори тэмэму щытыхъэщ. Ди сабийжэ кІуэн хуейщ нэрэ зыгъэгуфІэ еджапІэхэм, ахэр ухуэныгъэщІэ дыдэу щымытми», - жиІащ Іэтащхьэм. Абы муниципалитетхэм я унафэщІхэм пщэрыльэ ящищІащ я щІыпІэхэм хиубыдэ школ псори къащ ПщытэУ абыхэм я щытыкІэхэм теухуауэ къахутахэр КЪБР-м ЦІыхухэр егъэджэныкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхэм и министерствэм хуагъэхьыну, Іуэхум унафэ тращІыхьын хуэдэу.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі эхэ.

ЩІыналъэр газкІэ къызэгъэпэщыным теухуауэ

Видеоконференц зэпыщІэныгъэ мардэм тету иджыблагъэ екІуэкІащ КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбекрэ «Газпром» ПАО-м и правленэм и УнафэщІым и къуэдзэ Маркелов Виталийрэ я зэІущІэ.

АБЫ ХЭТАЩ КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщі **Мусуков Алий**, абы и япэ къуэдзэ **Къуныжь МуІэед**, КЪБР-м промышленностымкІэ, энергетикэмрэ сатумкІэ и министр **Іэхъуэбэч Щамил**, «Газпром межрегионгаз» ООО-м и генеральнэ директор **Густов Сергей**, «Газпром» ПАО-м, «Газпром межрегионгаз» ООО-м я лЫкІуэхэр.

ЛъэныкъуэкІэ тепсэлъыхьащ щІыналъэм газ къыхуэутІыпщыным, ткІуатКІуэ щхьэнтІэмкІэ цІыхухэр къызэгъэпэщыным теуухуа, илъэситху пІалъэм тещІыхьа программэр гъэзэщІа зэрыхъуам. 2008 гъэм къыщыщІэдзауэ 2020 гъэ пщІондэ республикэр газкІэ къызэгъэпэщыным «Газпром» ПАО-м хилъхьащ сом мелуан 92,7-рэ, 2021 - 2025 гъэхэм инвестицэр сом мелуан 379,7-м нэсынущ. Программэм хагъэхьащ къуажэхэм я зэхуакуэм бжьамий километр 14 щаукъуэдиныр, къуажэ кІуэцІхэм километр 18 хъу газ кІуапІэхэр щащІынкІи.

Щхьэхуэу и гугъу ящІащ къагъэсэбэпа газым пэкІуэ ахъшэр зэратым. Бюджет Іуэхущ Іапі эхэм абы и лъэныкъуэкІэ щІыхуэ зэратемылъыр къыхагъэщащ, апхуэдэ лэжьыгъэр Іуэхущ Іапі эхэм, нэгъэущІ ІэнатІэхэм я деж щыщІэгъэхуэбжьэн зэрыхуейми гулъытэ хуащІащ.

Апхуэдэуи нэхъ зэщІауэ ядэлэжьапхъэщ щІыналъэм щыпсэухэм, электроннэ Іэмалхэмкі ахъшэр яту зэтеубІэнри а Іуэхум хыхьэу.

ЗэІущІэм апхуэдэу щытепсэлъыхьащ республикэм щыпсэухэр газкІэ тэмэму къызэгъэпэщыным ехьэлІа къалэнхэм, ар унэхэм, фэтэрхэм щынагъуэнщэу къыщагъэсэбэпыным хуэгъэзауэ зэфІагъэкІхэм.

ЗэІущІэм хэтхэр щхьэхуэу къыхеутеувыІащ газ Іэмэпсымэхэр щынагъуэ къамышэу къэгъэсэбэпыным пыщІа Іуэхухэм. ЩытыкІэ къызэрымыкІуэ къэдгъэкъуэну газ Іэмэпсымэхэр щагъэлажьэкІэ зытетын хуей хабзэхэр цІыхухэм къызэрызэпаудым, апхуэдэуи псэупІэ-кІэльыпІныныгъэ ІэнатІэхэм газ кІуапІэхэм я щытыкІэр зэрыхуэфащэнкІэ къызэрамыпщытэм къыхэкІыу. И гугъу ящІащ а Іуэхур зи нэІэ щІэтыпхъэ компаниехэр жэуапльныгъэ яхэлъу я лэжьыгъэм бгъэдэтын зэрыхуейм, газ Іэмэпсымэхэр унэхэм, фэтэрхэм къыщыщагъэсэбэпкІэ хуагъэувхэм къытекІ зэрымыхъунур псоми гурагъаІуэу.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі эхэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек хэтащ Къэрал советым COVID-19 узыфэм земыгъэубгъуным хуэгъэза Іуэхуэхэр зэкІэлъызыгъакІуэ и лэжьакІуэ гупым хэтхэм я селекторнэ зэІущІэу Москва къалэм и Іэтащхьэ Собянин Сергей иригъэкІуэкІам.

ЗЭІУЩІЭМ щытепсэлъыхьащ коронавирус узыфэ зэрыщІалэр лІэужьыгъуэщІэм къэралым хыхьэ щІыналъэхэм зэрызыщиубгъу щыкІэм, щытыкІэм зэрызихъуэжьынкІэ хъунум, коронавирус зыпкърытхэр щагъэхъуэж госпиталхэр, сымаджэхэр нэхъ мащІэ зэрыхъум ельытауэ, гъэмэщІэным, COVID-19-м цІыхур щызыхъуэмэ мастэр зэрыхэлъхьэным, узыфэр зэуэлІахэу амбулаторнэу ягъэхъужкэр хущІхъуэкІэ къызэгъэпэща зэрыхъу щыкІэм.

Къыхагъэщащ узыр нэхъ зыхуэмыкьынкІэ хъунухэр и чэзум сымаджэщхэм щІэгъэгъуэльхъэн зэрыхуейр, COVID-19-м теуха къэпщытэныгъэхэр егъэкІуэкІыным хуэунэтІауэ къагъэсэбэп Іэмалхэм адэкІи зегъэужьын зэрыхуейр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щытыкІэр щефІэкІуэжу зэрыхуежьам ипкъ иткІэ мы зэманым ирихьэлІэу сымаджэхэр здашэр узыфэ нэхъ зэрыщІалэхэр зыпкърытхэм щеІэзэу зыкъызІуахауэ щыта госпиталибгъум ящыщу тхурщ. А сымаджэщхэм щІэльхэр хуэжрэ щІатхыкІыжмэ, узынШагъэр хъумэным хуэгъэпса Іуэхущ Іапі эхэр нэхъапэм зытета мардэм теувэжынурэ я лэжьыгъэм пащэнущ. Госпиталитхэм щагъэгъуэльхьэ коронавирус зыпкърыту къахутауэ сымаджэщым щеІэзэн хуейуэ къальытэхэр. Апхуэдэ сымаджэщхэм псори зэхэту щыху 743-м щоІэзэ, абыхэм ящыщу 73-р реанимацэхэм щІэлъщ. ГъуэлъпІэу яІэм и процент 62-м щІигъурщ къагъэсэбэпыр.

ЦІыхухэм узыфэм пэщІэтыф мастэр яхэлъхьэн лэжьыгъэми пащэ. Мы зэманым республикэм махуэ къэс щолажьэ вакцинэр цІыхухэм щыхалъ щІыпІэ 43-рэ.

Мастэр цІыхухэм хэлъхьэн зэрыщІадзэрэ республикэм къыІэрыхьащ коронавирус узыфэ зэрыщІалэ лІэужьыгъуэщІэм пэщІэтыф «Гам-Ковид-ВАК» вакцинэм хуэдэу хэлъгуэ 8242-рэ. Нобэм ирихьэлІэу цІыху 3200-м иужьдисым мастэр япэу халъхьащ, етІуанэу миным щІигъум ирахьэлІащ.

COVID-19-р цІыхум къезымыгъэуэлІэ мастэр зыхезыгъэлъхьэну хуейхэр ИнтернеткІи ятх. Ар щызыхъагъэлъхьэну хуей щІыпІэхэр цІыхухэм езыхэм къыхахыж хъунущ, къэралІ Іуэхутхьэбзэхэр щыхуащІэ зыуэ щыт порталым зыпащІэу.

Мастэр зыхезыгъэлъхьахэм я узынШагъэр зыхуэдэр я нэІэ щІэтщ дохутырхэм, езы цІыхухэм ар къазэрыщыхъум теухуауэ ятхыжахэр я лъабжьэу.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі эхэ.

КЪБР-м и Іэтащхьэр хэтащ Къэрал советым COVID-19 узыфэм земыгъэубгъуным хуэгъэза Іуэхуэхэр зэкІэлъызыгъакІуэ и лэжьакІуэ гупым иригъэкІуэкІа селекторнэ зэІущІэм

Псапэр куэд хъуркъым

Налшык дэт Лъэпкъ музейм иджыблагъэ псапащІэ гъэлъэгъуэныгъэ къыщызэІуахащ.

«ALIRA» хужожественнэ студием хэт ныбжьыщІэ цІыкІухэм я Іэдакъэщ Іэкі ыу утыку кхрахьаХэм къыщІах ахъшэм щыщ узым къигъэгъзавэ Нэгъуэй Іэдэм (Прохладнэ щІыналъэм хыхьэ Къэрэгъэш къуажэм щопсэу) хуагъэкІуэнущ.

Студием и унафэщІ Марзаевэ Инрэ зэрыжиІамкІэ, абыхэм я деж илъэсиплІ ныбжьым итхэм щегъэжьауэ илъэс 90-м нэсыху йоклуалІэ. Ахэр сурэт щыным, скульптурэм, керамикэм, дыщэкІ Іуэхум хуагъасэ. Иджырейм нэхъыбэу утыку къыщрахьар унэлъащІэр зэрагъадэхэ сурэтхэрщ.

«Студиер зыгъэлажьэр фІыуэ соцІыху, цІыхухэр гъэзджэм дегъэхьэхыныкІэ иригъэкІуэкІ лэжьыгъэшхуэм папщІэ хуабжьу сыхуэзарэзыщ»,- жиІащ КЪБР-м и Сурэтыщ Іхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Темыркъан Геннадий зэІущІэр къыщызэІуихым. Абы къыхигъэщащ студием зыщызыгъэсэ псоми сурэтыщ къаэмыкІми, цІыху нэгъэса къыщІыкІыну гугъэфІэкІэ зэрыуагъэщІыр.

«КъызэрымыкІуэу си гуапэщ мы гъэлъэгъуэныгъэм сыщыІэну. ТІэунейуэ си гуапэ мэхъу апхуэдизэ зэфІэкІ зиІэ ныбжьыщІэ цІыкІухэр Иринэ зэрызэхуишэсар»,-жиІащ «Aliira» студием и унафэщІыр езыгъэджа, Осетие Ищхьэрэ-Аланием щыщ сурэтыщІ Дзоблаевэ Иринэ.

Артист ныбжьыщІэхэм ягъэхьэзыра нэгузыужь концертыр гуІэфІтеІэжт абы кърихьэлІахэм я дежкІэ.

ИНЭРОКЪУЭ Данэ.

«Адыгэ псалъэр» къезыгъэхьхэм папщІэ

2021 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм цІыхухэм яІэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ щыщІадз зэманыр ихуащ.

«Адыгэ псалъэ» газетыр зыІэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащІэ - гъатхэкІэ (мартым) къыщыщІэдзауэ ар къеогъэхьын папщІэ Іэ щыщІэвдз хъунущ Урысей пощтым и дэтхэнэ ІуэхуцІапі эми.

Мазэ 4-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэр сом 486-рэщ.

Ди индексыр П 5894

● ЩІЭ

КЪЭХУТЭНЫГЪЭЩІЭХЭР ЛЪАБЖЬЭ МЭХЪУ

КЪБКЪУ-м и щІэныгьэлІхэм ирагъэкІуэкІа иужьрей къэхутэныгъэхэр зэман кІэщІым къриубыдэу гъащІэм хапщэн хуей технологиехэм ящыщу къалъытащ. Ахэр екъэлІащ мы зэманым цІыху куэдым зэрахьэ нэкІыІупхъуэхэр фІеи хъуа нэужь, адэкІэ къызэрыбгъэсэбэныну щыкІэм.

ЕДЖАПІЭ нэхъыщхьэм и пашэ Альтуд Юрэ зэрыжиІэмкІэ, къагъэсэбэпа нэкІыІупхъуэхэр композиту зэхэбгъэткІухьыж хьунущ. ИужькІэ ахэр полимерхэм халъхьэ икІи абыхэм я фІагъыр нэхъ лІьагэ щІ.

- Университетыр махуэрыеджэ мардэм теувэжа нэужь, псэщІэ къахьыхьэжащ ди къудамэ, Іэхуущ1апІэ псоми. ЕгъэджакІуэхэми студентхэми гукъыдэж яІэу зрапщытащ иджырей зэманым нэхъыбэу дызыхуэныкъуэ къэхутэныгъэхэм, - жеІэ ректорым. - КъБКЪУ-м технологие лъагэхэмкІэ и центрым и Іэщіагъэпіхэр пэрыхьащ къагъэсэбэпа медицинэ нэкІыІупхъуэхэм адэкІэ зэрелэжьыпхъэм епха проектхэм. Антисептикхэмрэ композит пкъыгьуэхэмрэ я технологием пыщІа къэхутэныгъэщІэхэр Урысейм и щІэныгъэм и махуэм еджапІэм къыщыізэдгъэпэщыну гъэлъэгъуэныгъэм ящэу утыку къыщитхьэнущ. Ахэр инновацІэ проектыфІхэмкІэ цІэрыІуэ хьу ди щІэныгъэлІ ныбжьыщІэхэм я иужьрей ехъулІэныгъэщ. А къэхутэныгъэмкІэ патентхэр диІэщ.

Кърахьэжьа Іэхугъуэщ1эм епха къэхутэныгъэхэр ехъулІэныгъэ яІэу щрагъэкІуэкІащ КъБКЪУ-м и щІэныгъэ лабораторхэм. Къагъэсэбэпа медицинэ нэкІыІупхъуэхэм адэкІэ сэбэп къахьу елэжьыжьи технологиер ди къэралым и мызакъуэу, нэгъуэщ1 щІыпІэ куэдми къапэщылъ, щІыіэпсыр хъумэным епха Іэхугъуэкэр тэрэз зыщІынухэм халъытэ. Къапщтэмэ, университетым и закъуэ мазэм и кІуэцІкІэ щІэзэхуэхьэса мэхъу тонни 3-м щІигъу хьэлъагъ зиІэ санитар-медицинэ пхъэнкІийхэр. «Плъыр удзыфэ» волонтёр экологие гупым зэхуэхьэс апхуэдэ хьэпшыпхэр. Аэр дапэкІэ композитхэр щащІкІэ халъхьэну я мурадщ.

ТАМБИЙ Линэ.

ЩІЫУЭПСЫР ХЪУМЭНЫМ КЪЫХУРАДЖЭ

● Гъэсэныгъэ

Дыкъэзыуухъуреихь дуней дахэр Къытщхьэщытыр къызэрытхуэупса хъугъуэфІыгъуэу, ар хъумэным дэтхэнэми ди къалэну зэрыщытыр сабийхэм къагурыІуэу къэгъэтэджыныр мыхьэнэзыІэ зиІэ Іуэхугъуэщ. «Урысеймэкъумэшбанк» (РСХБ) ІэнатІэм и ІэщіагъэлІхэм гулъытэ хэха хуащІ абы. Банкым и лэжьакІуэхэр иджыблагъэ хэтащ «Дызэгъусэу щІыуэпсыр тхъумэнщ» социально-экологие акцэм.

ЩІЫУЭПСЫР хъумэн зэрыхуейм ещхь Іуэху щхьэпэхэр ирагъэкІуэкІын мурадыр яІэу, РСХБ-м КъБР-м щиІэ ІэнатІэм корпоратив сату лэужьыгъуэмкІэ и къудамэм и унафэщІ Егъэн Ислъам, сатумрэ цІыхухэм ядэлэжьэныжьмкІэ и къудамэм и унафэщІ КІарэ Каринэ, банкым Анзорей щиІэ Іуэхугъуэ1ап1эм и пашэ Апекъу Анзор сымэ хьэщІапІэ яхуэкІуащ. Пэсхэм щІыналъэм хьыкъ Арщыдан къуажэм дэт сабий сад №94-м и гъэсэн цІыкІухэм. ЗыстекІухьа Іуэхум и пэщІэдзэу, а ІэщіагъэлІхэм цІыкІуэхэм драгъэкІуэкІащ ахъшэм зэрыхущытыпхъэм, ар къызэрыгъэсэбэпыпхъэмрэ гъащІэм мыхьэнэуэ щиІэмрэ ятеухуа щІэныгъэхэр зи лъабжьэ дерс хъызэмэтхэр. Банкым и лэжьакІуэхэм зэрамыгугъауэ, сабийхэм а Іуэхугъуэхэм зэрызнэу хащІыкІыу къыщІэкІащ. Я ныбжьыкъм емылъытауэ цІыкІуэхэм къызыкъуах щІэныгъэхэр хьэлэмэтт: абыхэм ахъшэ бжыкІэр ящІэ, ар гъащІэм къызэрыщагъэсэбэпми щыгъуаззщ, щэнхъэщхьэныкІи зытепсэлъыхьын я къуэдт. Апхуэдэу садым и гъэсэнхэм ящІэ пластик картэхэр зэрыщыІэр, банкоматхэм ахъшэ къызыхифхэри яхэтт.

ХьэщІэхэм зыхуэзыгъэхьэзыра «финансист» ныбжьыщІэхэм абыхэм я пащхьэ щагъэззэщІащ «тыкуэным дызэрыщыІар» теплъэгъуэ цІыкІур. Абы къыриубыдэу сабийхэр хунэсащ щэн-къэщхьэным хэпъ щхьэхуэныгъэ куэдым зэрыщыгъуазэр наІуэ къащІыну. Апхуэдэу цІыкІуэхэр къеджащ финанс Іуэхум теухуа усэхэм, псалъэжьхэмрэ жьІэгъуэхэмрэ.

А псори гъэщІэгъуэн зыщыхъуа банк лэжьакІуэхэр итІанэщ щыхунэсар зытекІухьа Іуэхугъуэм. ЩІыуэпсым цІыху гъащІэм щиубыд уеыпІэмрэ я ныбжьыкъм зэрыхуеймрэ тепсэлъыхьа нэужь, абыхэм сабийхэм хуагъэшащ Урысеймэкъумэшбанкым и логотипир, РСХБ хьэрфхэр зытет икІи щІыгулъ зэрылъ кхъуэщІэм цІыкІуэмрэ абыхэм хасэну удз лІэужьыгъуэхэм я жьлэхэмрэ. ХьэщІэхэр я дэІэпыкъуэгъуу сабийхэм хасащ жьлэхэр.

- Сабийхэм гугъэзагъэу дадзлэжьащ нобэ. ЗэрыгурыІуэгъуэщи, дэтхэнэ цІыхуми, псом хуэмыдэу ныбжьыщІэм, щІыуэпсым и мыхьэнэр къыгурыІуэу щытын папщІэ, псэкІэ зыхегъэщІэн хуейщ ар езыр дыкъэзыухъуреихь дунейм щыщ зы Іыхьэу зэрыщытыр, - жиІащ Егъэн Ислъам. - ЩІыуэпсыр фІыуэ зыльъагъу, ар зыхъуэмфыну щІэблэ къызэрытщІэхъуэмкІэ гугъэфІхэр диІэ хъуащ нобэрей зэІущІэмкІэ. Сабий садым и гъэсакІуэхэм я фІыгъэ куэд хэлъщ цІыкІуэр гу зэІуэкІэ щІыуэпсым хущІыту къызэрыхъум. Ди гуапэ хуащ ди нэгу щІэкІа псори.

ЗэІущІэ хьэлэмэтым и кІэухыу хьэщІэхэр сабийхэм яхуэгуэпащ сауГъэт цІыкІуэхэмрэ Іэфіыкі3 зэмылІэужьыгъэхэмкІэ. Псоми я нэгум арэзыныгъэр дэрэжэгъуэрэ ильу зэбгрыкІыжьащ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

● Жыжьэ-гъунэгъу

Америкэм къикІа Къардэн Мухьэмэдрэ КъБР-м щыщ уэрэджьыІакІуэ Тхьэгъэлэдж Светланэрэ къызэдофэ.
2000 гъэ, Налшык

● ЩІЭныгъэ

ІЭМАЛ ЗАКЪУЭУ ЩЫІЭРИ

Астрономхэм иджыщ япэ дыдэу къыщалъэгъуар «мащэ кІыфІым» (чёрная дыра) гъунэгъу зыхуэзыщІа вагьуэм и зэпкърыхукІэр зыхуэдэр.

КЪЭРАЛ зыбжанэм я щІэныгъэлІхэр, ди планетэм нэхъ лъэрыгэхьэ дыдэу къыщалъытэ телескопхэр къагъэсэбэпкІэрэ, зы зэманым къриубыдэу зэуэ щыхьэт техьащ, зэрыщытыпхъэм теорие и лъэныкъуэкІэ щыгъуазэ зыхуащІа пэтми, абы ипэкІэ зэи ямыльэгъуа къэхъуакъащІэ телескопжэр зэрекІуэкІым - мащэ кІыфІым (гъуэдыдж кІэуфЫцІым) гъунэгъу зыхуэзыщІа вагьуэр щызэщикъуэкІэ, иужьрейм, къигъэщІам кІэ зэригъуэтар «зыхищІа» фІэкІа умыщІэну, «гужьеигъуэ» иныр къыпльэсауэ бзий гуэрэнышъуэхэр нурыбэу къызэрызыхиутІыпщыкІым.

Астрофизикэ щІэныгъэм зэрыщыгъэбелджылаци, мащэ кІыфІым и гравитацэм зыкъыщызэкъуих къару шынагъуэрщ гъунэгъу зыхуэзыщІ псори зэзыльэфалІэр, абы къыхэкІыуи зэпкърызытхъэр. Мы зи гугъу тщІы вагьуэми къыщыщІар аращ.

Европей ипщэ обсерваториием и телескопхэу VLT (Very Large Telescope), NTT (New Technology Telescope) зи фІэщыгъэхэмкІэ мазэ бжьыгъэм къриубыдэу мащэ кІыфІым зыщІиша вагьуэм и кІуэдыжькІэм кІэпльпІльа щІэныгъэлІхэм зэрыхуагъэфащэмкІэ, зи гъащІэр абдежьм къыщызыуха уафэщІ зэщІэлыдэр и инагъкІи, и гуащІагъкІи ди Дыгъэм хуэдэнт.

Ауэ щыхъукІи, оптикэ, рентген, ультрафиолет, радио диапазонхэмкІэ и чэзуэ икІи зыубгъуауэ ирагъэкІуэкІа кІэлъпльпльныгъэхэм къарикІуэу, астрономхэр иджыщ япэ дыдэу щыхьэт щытехъуар, мащэ кІыфІым, и къару абрагъуэр къигъэсэбэпу, вагьуэ зэхражьэм къыкІэрифыщІыкІа пытхъахуэхэм къызэрымыкІуэу нур зэщІэлыдэ иныщэ, зэман кІыхьым къриубыдэу, къазэрыпхивым. Икіи, вагьуэ жьжьэм и кІуэдыжькІэр зыльэгъуахэм зэрыжаІэмкІэ, и хьэльагьым нэхърэ мелуан бжьыгъэкІэ нэхъыбэ къэзышэч мащэ кІыфІым ар щызыщІильафэм, абы «нэрылъагъуу» фІэкІуэдащ езым и пкъым щыщу и Іыхьэ ныкъуэм нэблагъэр.

Уеблэмэ, щІэныгъэлІхэм къызэралъытэмкІэ, ди планетэр здэщыІэ щыпІэм илъэс мелуан 215-кІэ пэжьжьэ (нэхум зэрызидым тригъэкІуадэ зэманым тещІыхьауэ) Эридан вагьуэ зэрыбыным хьихьэ галактикэ «щыхьам», астрономхэм AT2019qiz нагьыщэр зратам, далъэгъуэ къэхъуакъащІэм хуэдэхращ куэду тпэжьжьэ галактикэхэм якуэм зыщІызыуфдыгъуэ «мащэ кІыфІхэр» здэщыІэмрэ абыхэм гъунэгъу захуэзыщІ уафэщІхэм я зэпкърытхыкІэр зыхуэдэмрэ зэрызэхэбгъэкІыфыну Іэмал закъуэу щыІэри.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

● Футбол

ЖЭУАПЫНШЭУ ТОПИЩ

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и Япэ гупым 2020 - 2021 гъэхэм щыІэ зэхьэзэхуэм и етІуанэ Іыхьэм Къзбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэм зыщыкъуэзы-гъэхьэзыр «Спартак-Налшыкым» щІышылэм и 29-м етІуанэ зэныбжьэгъугъэ зэІущІэр «ДыгъафІэ къалэм» и стадионым щригъэкІуэкІащ.

«АРМАВИР»-м драгъэкІуэкІа япэ зэІущІэми хуэдэу, налшыкдэсхэм аргуэру къапэщІэтар тонджэгур зи Іэщіагъэу щымытхэр зыхэт ещанэ лигэм зыкъыщызыгъэлъагуэ Осетие Ищхъэрэ-Аланием и «Ардон» командэращ. Мазитым щигъукІэ зызыгъэпсэхуа ди щІалэхэм я дежкІэ апхуэдэ хьэрхуэрэгъуэхэр нэхъ кІозэгъ зэныкъуэкъуныгъэ гуащІэхэм зыхуэгъэхьэзырым ирыхьэжьыну.

ТхьэмахуитІ хьауэ зызыгъасэ «Спартак-Налшыкым» и футболистхэм я джэгукІэр хуэмурэ зэтоувэж. Абы и щыхьэтщ Осетие Ищхъэрэ-Алание Республикэм къикІахэм щхьэкъэІэтыпІэ зэрырамытар. Япэ дакъикъэхэм щегъэжьауэ ди щІалэхэр хэпщІыкІыу нэхъыфІащ икІи топ зыбжанэ дагъэкІыфыну щытащ. АрщхьэкІэ Іуэхур къащехьулІар 35-нэ дакъикъэращ. Іэпщащэ Маратщ зейр «Спартак-Налшыкым» 2021 гъэм япэу дигъэкІа топыр.

Загъэпсэхуу кІихьэжа иужькІэ ди щІалэхэр нэхъ ерыщыжу ебгъэрыкІуэ хъуащ. ДакъикъипщІ дэкІауэ арат ХьутІэ Анзор бжьгъэр щигъэбгъуам.

Абдежми къыщыізэтеувыІакъым «Спартак-Налшыкым» и футболистхэр. Топ джэгуным зэрыхуэзэшар я напщІэм телъу ахэр ипэкІэ кІуатэ зэпытт. Ашу Мурад бжьгъэр 3:0-м нигъэса иужькІэщ ахэр мащІэу щытесэбырар.

«Ардон»-р хэзыгъэщІахэм яхэтащ гъуащхьэтет Антиповыр (Къардэнымрэ ар ихьуэжащ 46-нэ дакъикъэм), гъуащхьэхъумэжу КІэдыкІуейр (УнащІэр, 60), Шумахуэр (Белоусовщ, 60), Тебэрдыр (Молэмусэр, 60), Ольмезовыр, гъащхьэмэныкъуэхэу Джатэрыивэр, Уэрэзейр (Къумыкъур, 46), Іэпщацэр (Сэбаншыр, 65), гъуащхьаухэу Бахъсэнокъуэр (Жангуразовыр, 65), ХьутІэр, Хъэшырыр (Ашур, 65).

Мы зэІущІэм махуитІ-щы иІэжу и топджэгу гъащІэм къриубыдэу япэ зэгурыІуэныгъэр «Спартак-Налшыкым» дрищІылІащ абы и гъэсэн, зи ныбжьыр илъэс пщыкІуий ирикъуэ къудей Къумыкъу Ислъам. Ар гъуащхьэхъумэныкъуэщ икІи нэгъабэ къахьыха Бахъсэнокъуэ Алихъан, ХьутІэ Анзор сымэ, адрейхэми хуэдэу псынщІэ дыдэу фІыкІэ зыкъызэкъуихыну дыщІогугъ. «Ардон»-м дригъэкІуэкІар абы и дежкІэ япэщ.

Зи гугъу тщІа зэныбжьэгъугъэ зэІущІэмкІэ «Спартак-Налшыкым» зэхуищІыжащ япэ зыгъэсэгъуэр. Махуэ зытІущкІэ загъэпсэхунурэ ди щІалэхэр Нартсанэ (Кисловодск) къалэм кІуэнущ. Абы щыпащэнущ Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и Япэ гупым 2020 - 2021 гъэхэм щыІэ зэхьэзэхуэм и етІуанэ Іыхьэм зыхуэгъэхьэзырыным.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.
Сурэтым: **Къумыкъу Ислъам и япэ зэгурыІуэныгъэм Іэ тридзащ.**

Мы махуэхэм

Мазаем и 6, *щэбэт*

♦ **ЦІыхубзхэм я узынщагъэм зэран хуэхъу операцэхэр емыгъэкІуэкІыным и дунейпсо махуэщ**

♦ **Таджикистаным и милицым и махуэщ**

♦ **1886 гъэм** нэмыцэ химик Винклер Клеменс германий элементыр къыгъэтащ.

♦ **1918 гъэм** Урысейр григориан махуэгъэпсым зэрыхуэхІуэну Уэрэ декрет кІыдзкІащ.

♦ **1930 гъэм** Совет Армэм и академическэ театр нэхъыщхьэр къызэІуахащ. Иджыпсту ар Урысеидзэм и академическэ театр зэхъыщхьэщ.

♦ **1935 гъэм** «Кабардинка» къэрал къэфакІуэ ансамблым Советхэм я VII съездым и делегатхэм папщІэ Москва и Театр Иным концерт щитащ.

♦ **1936 гъэм** Гармиш-Партенкирхен къалэм (Германие) къыщызэІуахащ IV ЩІымахуэ Олимп Джэгухэр. Ахэр мазаем и 16 пщІондэ екІуэкІащ. Бгым лыжэкІэ къежэхыным хьихьэ слаломгигант спорт лІэужьыгъэмкІэ япэ зэхьэзэхуэхэр щекІуэкІар абы щыгъуэщ.

♦ **1943 гъэм** СССР-м Курган областыр къыщызэрагъэпэщащ.

♦ **1945 гъэм** Лондон къыщызэрагъэпэщащ Профсоюзхэм я дунейпсо зэгухьэныгъэр.

♦ **1968 гъэм** Гренобль къалэм (Франджы) къыщызэІуахащ Х ЩІымахуэ Олимп Джэгухэр. Ахэр къызэІуихат а къэралым и президент Шарль де Голль. Джэгухэр мазаем и 18-м зэхуащІыжащ.

♦ **2004 гъэм** Москва и метром и «Автозаводская», «Павелецкая» станцхэм я зэхуакум лагъым къыщыуащ. Абы цІыху 41-рэ хэкІуэдауэ, 250-м щІигъум фэбжь хахауэ щытащ.

♦США-м и 40-нэ президент (1981 - 1989 гъэхэм а къулыкъум тетащ) **Рейган Рональд** къызэралъхурэ илъэси 110-рэ ирокъу.

♦КъБР-м и цІыхубэ артистэ **Тэмазэ Маржэнэт** къызэралъхурэ илъэс 98-рэ ирокъу.

♦СССР-м узынщагъэр хъумэныжьмкІэ и отличник, КъБР-м и цІыхубэ дохутыр **Тембот Мухьэмэд** и ныбжьыр илъэс 83-рэ ирокъу.

♦Урысей продюсер, композитор, «Любэ», «Иванушки Интернэшнл», «Корни», «Фабрика» уэрэджэлІакІуэ гуп цІэрыІуэхэр къызэзыгъэпэща, УФ-м гъуэджжэкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Матвиенко Игорь** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокъу.

♦Журналист, продюсер, «Япэ канал» телекомпаниеи и генеральнэ унафэщІ **Эрнст Константин** и ныбжьыр илъэс 60 ирокъу.

♦Урысей фигурист цІэрыІуэ **Чернышёв Пётр** и ныбжьыр илъэс 50 ирокъу.

♦Адыгэ усакІуэ, журналист, дохутыр **Пщыухі Латмир** и ныбжьыр илъэс 46-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 3 - 5, жэщым щыІэр 1 градус щыхъунущ.

Мазаем и 7, *тхьэмахуэ*

♦ **Хьэрычэт Іуэхум теуха щІэныгъэ зэгъэгъуэтыным и махуэщ**

♦ **Тэтэрстан Республикэм и Гербым и махуэщ**

♦ **Гренадэм и лъэпкъ махуэшхуэщ** - щхьэхуит зэрыхьуар (1974 гъэм) егъэлъапІэ

♦ **Таиландым удз гъэгъахэм я фестивальщ щокІуэкІ**

♦ **1780 гъэм** Сыктывкар къалэм и лъабжьэр ягъэтІылъащ. Иджы ар Коми Республикэм и къалащхьэщ.

♦ **1795 гъэм** Хаджибей кхъухь тедзапІэм и цІэр Одессэу зэрахъуэжащ.

♦ **1855 гъэм** Курилхэмрэ Сахалинрэ зэхуэгуэшыным теуха урыс-япон зэгурыІуэныгъэм Іэ тридзащ.

♦ **1857 гъэм** пащтыхь Александр ЕтІуанэм Іэ щІидзащ урысей гъущІ гъэгуэхэм я зэгухьэныгъэ нэхъыщхьэр къызэгъэпэщыным теуха унафэм.

♦ **1893 гъэм** США-м щыщ инженер Крей Алан мафІэсыр зэрагъэункІыфІ Іэмэпсымэ къызэригупсысам щыхьэт техьэу дэфтэр ираташ.

♦ **1981 гъэм** Ленинград деж къыщеухуэкащ Ту-104 кхъухьлъатэр. Абы исащ СССР-м и хы Хуэм флотым и унафэщІ псори. ХэкІуэда цІыху 52-м щыщу 16-р адмиралрэ генералрэт, япэ рангым и капитанхэр І0щІым нэблагъэрт. Къэралым и дежкІэ ар икъукІэ хэщІыныгъэшхуэт - тендженым ыкъыпкъу щызэшІэ апхуэдизэ дзэ унафэщІ ЕтІуанэ дунейпсо зауэм хэкІуэдатэкъым.

♦ **1998 гъэм** Наганэ къалэм (Японие) къыщызэІуахащ XVIII ЩІымахуэ Олимп Джэгухэр. Абы щыгъэщ Олимп Джэгухэм сноубордымкІэ зэпеуэхэри щыхагъэхьар. Олимпиадэр мазаем и 22 пщІондэ екІуэкІащ.

♦ **1999 гъэм** Иорданием и пащтыхь хъуащ Хьусейн и къуэ Абдаллэ ЕтІуанэр.

♦ **2014 гъэм** Сочэ къалэм (Урысей Федерацэ) къыщызэІуахащ XXII ЩІымахуэ Олимп Джэгухэр. Ди къэралым нэхъапэм ЩІымахуэ Олимпиадэ зэи щекІуэкІатэкъым. Джэгухэр мазаем и 23-м зэхуащІыжащ.

♦ Инджылыз тхакІуэ цІэрыІуэ, роман тІощІым щІигъу зи Іэдакъэм къыщІэкІа **Диккенс Чарльз** къызэралъхурэ илъэс 209-рэ ирокъу.

♦ КъБР-м и цІыхубэ, РСФСР-м щІыхь зиІэ я артист, Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу лъэпкъэм я макъамэ гъуэджэм зегъэужьыным хэлъхьэныгъэшхэу хуэзыщІа **Ашуров Танахум** къызэралъхурэ илъэси 131-рэ ирокъу.

♦ Совет авиаконструктор, техникэ щІэныгъэхэм я доктор, академик, Социалист Лэжьыгъэм и Плыхьжь, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфащэ **Тихонов Вячеслав** къызэралъхурэ илъэс 93-рэ ирокъу.

♦ УФ-м и цІыхубэ артистэ, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зрата **Муравьёвэ Иринэ** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокъу.

♦ Химие щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Щауэ Іэбубэчыр** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокъу.

♦ Урысей фигурист, Олимп чемпион, УФ-м спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер **Костомаров Роман** и ныбжьыр илъэс 44-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытымкІэ, Налшык уфаеу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 8 - 10, жэщым градус 4 - 5 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Удзыр къыщыкІым щахъу.

Къзбэрдей-Балъкъэрым Спортымкіэ и министерствэм, Спортым и ветеранхэм я советым, Къэрэшэй-Щэрджэсым и лъэпкъым и нэхъыжьхэм я хасэм гущІыхьэ ящыхьуауэ хъыбар фагъащІэ Урысей Федерацэм боксымкІэ щІыхь зиІэ и тренер **Къуэдзокъуэ Анатолий Аскэрбий и къуэр** дунейм зэрехьжар икІи абы и благъэхэмрэ Іыхьлыхэмрэ яхуогузавэ.

Усакіуэ Мыкъуэжь Анатолэ Хьэбалэ и къуэр Советскэ (иджы Шэрэдж) районым щыщ Аушыджэр къуажэм 1956 гъэм июным и 21-м къыщалъхуащ. 1973 гъэм къуажэ школыр, 1979 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и филологие факультетыр къмухащ. 1979 - 1995 гъэхэм «Адыгэ псалъэ» газетым корреспонденту, 1995 - 2013 гъэхэм «Эльбрус» тхылъ тедзапІэм художественэ литературэмкІэ редактору, адыгэ литературэмкІэ редакцэм и унафэщІу щылэжьащ. Мы зэманым «Іуащхьэмахуэ» журналым и редактор нэхъыщхьэщ.

Мыкъуэжьым и Іэдакъэ къыщІэкІащ адыгэ литературэм хэлъхьэныгъэ нэс хуэхъуэ тхыгъэ кулщІафІэ куэд. 1985 гъэм дунейм къытехащ «Жьэгу пащхьэ» зыфІища и япэ тхылъыр. Абы къыкІэлъыкІуащ «Къалэ жьжьэ», «Дунеижь», «Адэжь щІэин», «Маринэ», «Лъэхъэн», «Къэрэгъул бжыхь» тхылъхэр. 2016 гъэм «Эльбрус» тхылъ тедзапІэм зы том хъуэ къыщыдэкІащ. 1979 - 1995 гъэхэм литературэмкІэ редактор, адыгэ литературэмкІэ редакцэм и унафэщІу щылэжьащ. Мы зэманым «Іуащхьэмахуэ» журналым и редактор нэхъыщхьэщ.

Мыкъуэжьым и Іэдакъэ къыщІэкІащ адыгэ литературэм хэлъхьэныгъэ нэс хуэхъуэ тхыгъэ кулщІафІэ куэд. 1985 гъэм дунейм къытехащ «Жьэгу пащхьэ» зыфІища и япэ тхылъыр. Абы къыкІэлъыкІуащ «Къалэ жьжьэ», «Дунеижь», «Адэжь щІэин», «Маринэ», «Лъэхъэн», «Къэрэгъул бжыхь» тхылъхэр. 2016 гъэм «Эльбрус» тхылъ тедзапІэм зы том хъуэ къыщыдэкІащ Анатолэ и усэ нэхъыфІхэр щызэхуэхьэса «Си лІэщІыгъуэр» тхылъыр.

Мыкъуэжьыр 1987 гъэ лъандэрэ Урысейм и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм, 1991 гъэ лъандэрэ Урысейм и Тхакіуэхэм я зэгухьэныгъэм хэтщ. Абы къыхуагъэфэщащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІыхь тхылъыр, Урысейм и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и Дипломыр.

Мыкъуэжь Анатолэ и усыгъэм тетхыхьащ ди республикэм и тхакіуэ, критик, литературэдж цІэрыІуэхэу Тхьэгъэзит Зубер, Къагъырмэс Борис, Бещтокъуэ Хьэбас, Іутіыж Борис, Къэмокъуэ Хьэмид, Къэжэр Хьэмид, Гъут Іэдэм, Тымыжь Хьэмыщэ, Хьэвжокъуэ Людмилэ сымэ. Псори зэхэту усакіуэм и гъащІэмрэ и гуащІэмрэ теухуауэ тхыгъэ 80-м щІигъу дунейм къытехащ. Абыхэм къызэрыхагъэбелджылыкІащи, «ди лъэхъэнэм и фІи и Іеи Іупщіу къызэрыщ гъуджэщ» Мыкъуэжьым и Іэдакъэщіэкіхэр.

Нобэрей къыдэкІыгъуэм ди гуапэу тыдодзэ Мыкъуэжь Анатолэ и тхыгъэщІэ - «Гум тель дыркъуэ» зыфІищар. Ар усакІуэм пасэу итхами, абы къыщыІэта Іуэхугъуэхэр иджырей зэманым сыт и лъэныкъуэкІи поджаж. Емрэ фІымрэ, пэжымрэ щІымрэ, дахагъэмрэ мыхъэмыщІагъэмрэ, мылъкумрэ гухэлъ къабзэмрэ щызэпэщІэт мы поэмэм гъащІэм къигъуэ упщІэ куэдым я жэуап къыщыбгъуэтынущ. Шэч хэлъкъым ар щІэджыкІакІуэхэм, псом хуэмыдэу щІалэгъуалэм, ягу зэрырихьынум, дерс щхьэпи къызэрыхахынум.

МЫКЪУЭЖЬ Анатолэ

Гум тель дыркъуэ

Поэмэ

I

Си поэмэр стхыну къыщІызодзэ,
Гухэлъ мафІэ усэхэм щІызодзэ.

Зэрылъагъухэр фІыуэ фыкъедаІуэ,
Гум щызгъэвыр схуэхьыжкъым си закъуэ.

Псэ зыІутхэм сэркІэ я нэхъ лъапІэр
Хъуащ спэІэщІи, сехьыжыр и бампІэм.

Щыху сурэтым ситыжкъым куэд щІауэ,
Сопсэу лъагъуныгъэм гъэр сищІауэ.

«ЩІыдигъащІэр псоми сыт и щэхур?» -
СхужьыфІэну зэми сэ къысщохъур.

НыщІыфхуэсщІыр и хъыбар си мыгъуэм
КъывгурыІуэну итІани согугъэ:

БампІэм - тыншу зи закъуэр хегъащІэ,
Зэдэбгуэшмэ, гуауэр мэхъу нэхъ мащІэ.

II

Ихужьинкъым зэи сигу а махуэр,
Япэ дыдэу щыслъэгъуар си дахэр,

Гъатхэт, дэнкІи хужьу зэщІэгъагъэрт,
Бзум уэрэдкІэ жыг щхьэкІэм щагъахъэрт.

ЗызыІуантІэу бгым къех лъагъуэ псыгъуэм
Тету пащащ гуэр кьыдыхьэрт псыхъуэм.

ЕуэкІыпІэ задэхэм, мыпІащІэу,
ЩызэблихыртлъэР, темыгушхуащэу.

Нур къысхуэкІуэм жыжьэ къыщежьауэ
Сеплъырт, сщІауэ сэ Іэдакъжьауэ.

Хуэму ар нэхъ благъэ сэ къысхуэхъурт,
АпщІондэхукІи и дахагъэм хэхъуэрт.

Зи къэхъугъуэу и Іэпкълъэпкъ щІалащэр
Къызэпхыщырт данэ бостей пІащІэм.

И щхьэщышхуэр щедзыхат и гупэм,
ИрилаІ ярейт балийм и Іупэр.

ЩІэгъэпщкІуат и нитІым гухэлъ мафІэ,
Нэхъ дахэж щІэхъукІт зэрызигъафІэм.

ТхьэІухудхэм хуэуса усакІуэм
ЖаІа псор кІэрылът абы и закъуэ.

Дзэл къегъыххэм я зым сыкъыкъуэплъу,
СыкІэлъыплът абы сэ щэхурыплъэу.

Къысщыщ Іар езым къызгурымыІуэт,
Зэм сыкъэплъырт, зэм схудихурт щІыІэ.

Сеплъми и дахагъэм сыхигъащІэу,
Къыслъымытэт гу а къупщхьэ гуащэм.

* * *

КъыщІэкІуар и закъуэ сыт мы псыхъуэм,
ЗыфІэсщынур иужькІэ «си мыгъуэ»?

Щритауэ мы псынащхьэм пІалъэ,
Ара и гъэфІэн-и щІалэм пэплъэу?

Хуейуэ щытмэ псынэм щыщ ихьыну,
Дэнэ щыІэ абы и пэгуныр?

Хьэмэ и пкъы пщтыркъи псынэпс щІыІэм
Ара фІэфІу мащІэу хигъэупщІыІуэм?

И хъыджэбэ хъуэпсапІэхэм щэху дыдэу
КъэкІуат бгъэдэсыныр и мураду?

Хэт ищІэн щІыхубзым и гум илъыр,
ЩІэхуу и псэр зыхуеІэ-зыхуэплъэр.

Псынэ къабзэм и сурэт дахащэр
Къыщыхэщкіэ, пыгуфІыкІыу мащІэу,

Щысри, хъухукІэ мазэ къыщІэкІыгъуэ,
ЗимыІэжьэу тэджыжащ си дыгъэр.

Техьэжащ лъэс лъагъуэм ар мыпІащІэу,
Зэрыздихьыр мы си гур имыщІэу.

III

Псыпэр здэкІуэм псыкІэри ирожэ,
Зы жаІамэ, адэкІи кІэлъобжэ.

ИлъэсипщІкІэ сызэІэбэкІыжри,
Зиукъуэдиижащ си гукъэкІыжми,

Псалъэм псалъэр екІуу кІэлъыхьауэ,
Си гукъеуэр жысІэжыпщ гъэхуауэ.

... ЩІауэ куэд сыщеджэ пэтми къалэм,
ГукІи псэкІи сэ сыкъуажэ щІалэщ.

Къэблэгъаи щэбэтыр, зызмыІэжьэу,
СыкъокІуэж, сыпІащІэу, ди унэжьым.

Сыкъыхуоджэ си анэм усэщІэ,
Къысхуеший езыми зы джанэщІэ.

ПщІантІэм, хадэм сыщоІэуэлъауэ,
(Мыр жэнэти, кьалэм елъытауэ).

Зэзэмызэ гуахъуэ-шэмэдж тІыгъыу,
ДокІуэ губгъуэм, си адэм сыдэщІыгъуу.

Доуэ мэкъу, аргъынэхэр етхьэкІыу,
ПщІэнтІэпс шыугъэр Іэщікіэ
етлъэщІэкІыу.

Хъуам шэджагъуэ, дытохьэжьр пщыІэм,
Губгъуэм щыпшхым нэхъ Іэфіу сыт щыІэ.

Инэхъыбэм псыхъуэрщ си хэщІапІэр, -
Блэкіа сабингъуэм и гущапІэр.

Япэу слъагъум хуэдэу, сыгумащІэу,
Къызоплъыхьыр ди ауэ дахащэр.

Мэз гуэрэнхэр зи ІуфитІ ди псышхуэм,
Ди кьурш щхьэхуэхэм сеплъурэ согушхуэ.

Толъкъуи Іэлхэр сфІэфІщи кьэзгъэІэсэм,
Нэхъ уэрыпІэ дыдэхэм сыщосыр.

Мывэ я нэхъ инхэм зызопщытыр,
Зыхуэдизыр си кьарур къэсхутэу.

Апхуэдэххэу си махуэр согьакІуэ...
Ауэ мо дыгъуасэ слъэгъуа закъуэр,

МафІэ щэхур си бгъэм къыщІэзыдзэу,
Ежьэжар бэлыхь сэ сыхэзыдзэу,

КъэмыкІуэну пІэрэ псынэм нобэ?
Сэ аращ иджы сиІэжыр плъапІэу.

* * *

Махуэ щІагъуэ дэзмыгъэкІыу псыхъуэм
Зыщысплъыхьт сэ, а пщащэр
къэслъыхъуэу.

Псынэгъуагъуэм хуэму сетІысылІэрт,
Си гукъеуэр абы есІуэтылІэрт.

Таурыхъ гуэрхэм зэрыхэтым хуэдэу,
Зыхуэзгъаэарт къэхъугъэм мыпхуэдэу:

Псыхъуэ, дэнэ уэ здэпхьар си пщащэ
Апхуэдизу сызыщІар гумащІэ?

Псынэ, дэнэ здэкІуэжар си дахэ
ГуфІэгъуэнпэ сщызыщІар си махуэр?

Лъагъуэ, уэри зыри хьымыщІыкІыу
Ара, зи гухэлъым сришІыкІым?

Жьыбгъэ, жьІэт, сытхэр уиІэ лІыгъэу
КъысхуэбгъуэтыжьынымкІэ си мыгъуэр?

ЩІэту щытмэ ар уи щІагъым, мазэ,
Сыщ1 здэщыІэм зыгуэру щыгъуазэ.

Уэгу лъащІэнпэ, уэри зы жумыІэу,
ЩхьэукъыслъыхьрэщІыІэ-щІыІэу?!

IV

Япэу псэр щигъэпІейтейм гухэлъым,
ЩІэ щІэмыт Іэфлагъыу абы хэлъым.

ПщІыхь дахащэу щІэкІт дунейр си нэгум,
ЩхъуэкІэпльыкІэт дэнкІи - щІыльи уэгун.

Дыгъэ бзийхэр къыстепсэрт нэхъ гуапэу,
Іэ къыздильэрт жьыбгъэми нэхъ щабэу.

Жыги удзи сэ къысхуэгумащІэт,
СфІэщІт зблжкІ псори лъагъуГуэфІэ защІэу.

Дунеишхуэм сист и куэщІ, сигъафІэу.
Дыгъэмыхъуэри къысфІэщІт дыгъафІэу.

Си гуи хэщІт - езым къызгурымыІуэу,
А гухэщІри Іэфіт къызэрымыкІуэу.

ЗыхэсщІати зы къару телъыджэ,
Сыпэувыфыну сфІэщІт чынтыдзэм.

Насып-алъпым сфІэщІт сышэсыфыну,
СфІэщІт, дамэншэу, пшэм сыщесыфыну.

Япэ къэсым, субыду и Іэблэр,
Сыхьэзырт сэ есшэкІыну Іэплі.

Къуршыпс уэрым хуэдэт си гурыщІэр,
КъысфІельэну хэтт ар и псыІущІэм.

ГурыфІыгъуэр ильти бжьэпэтехуэу,
КъысфІикІыну си гум - сызэрихуэрт.

Ебгъэщырхъэкъудеймэ щыкІэ налъэ,
КъиІукІынут си гущІэм пшыналъэ.

* * *

Зэ Іуплъэгъуэм къыдэуш гухэлъым
Зыхэсщіащ сэ къарууІуэу хэлъыр.

Зи фІэщ мыхъухэм а гурыщІэ къабзэр
Яжесіэнт мыпхуэдэу, захуэзгъазэу:

Ар - езыр уэ къэбгупсысыжауэ,
Узыхуей хьэл-щэн кІэрыплъхьэжауэ,

ГущІэм щэхуу къыщепхьэкІ сурэтым
Ухуэзэжу арщ, уэрамым дэту.



V

Цыджан пощтыр - хъыбарыщІэзехьэщ.
ЩІэщІэху пощтыр Іуэхум къыхэмыхьэм,

Абы нэхърэ нэхъ пощтыфІ щымыІэ,
Зэбгрех хъыбархэр темпыІэу.

Сымыщіэххэу, икъукІэ сщыхъуу гуапэ,
Сэ къысІэрыхьащ зы хъыбар кІапэ.

Бжьэпэтесхэм ящыщ фызыжь гуэрым
И къуэрылъхут ар, кьикІауэ щыхьэрым.

ИІэжт мазэ школыр кьнуухыным,
ЗрикІуэну гъуэгур къыхихыным.

Жаннэт и цІэр, имыжагъуэт къуажэр,
Лъагъунлъагъу анэшхуэм
къыхуэкІуэжырт.

Ди мэз лъапи псыхъуи фІэщІэщыгъуэт,
ФІэфІт щигъакІуэм и зыгъэпсэхугъуэр.

Ауэ щыІэт ежьлІа си гущІэм:
И анэдэлъхубзэр зэримыщІэр.

Махуэ кІыхьым сыкІэрыст псалъалъэм,
Зэзгъакіэст жесІэнухэр селІалІэу.

Абы щыгъуэ тІури дыщІалащэт,
Нэхъ щІалэжт дэр нэхърэ си ящащэр.

Лъагъуныгъэ тщІыну дыхуэпабгъэрт,
Дигу пІейтейхэр гухэлъхэм я абгъуэт.

Сыпэплъами сэ абы си фІэщу,
Бзэхыжат ар, ещхьу гъуэбжэгъуэщым.

VI

Гухэлъ хадэм зэгуэр фитагъэххи,
Жьыбгъэ гуапэм Іэ къывдилъагъэххи,

Мазэ изым нур къыфхурикІыхыу,
Гухэлъ щэхухэр зэхуэфІуэтагъэххи...

Шэрэджыпсу Іэджэ ежэхауэ,
Дыззэхуэзэжащ гъатхиплІ дэкІауэ.

Нэхъ гъуэгэгъу кІуэ пэтми дыззэхуэхъурт,
Апщондэхукіи зым адрейр кьнхьэхурт.

Жаннэ щеджэрт университетым
ИнджылызыбзэмкІэ и факультетым.

Сэ сылажьэрт, вузыр къэзухауэ,
Журналист Іэщіагъэр къыхэсхауэ.

Дэмыкіт махуэ дызэрымылъагъуу.
Гухэлъ хадэм дитт дэ, зыдгъэщІагъуэу.

Махуэм тІэу дыщызэхуэзи щыІэт,
Ди гурыщІэм мардэ лъэпкъ имыІэт.

Гухэлъ жыгым пызми мыІэрысэр,
КъыпэткІухьырт абы, демыІусэу.

Зэнзэнысу кьабзэт ди гурыщІэр,
Хуэгъэпсат дахагъэм ди гуращэр.

Мы дунейр къытфІэщІт дэр щхьэкІэ щыІэу,
ИІэ щхьэкІэ пэ, кІэух имыІэу.

* * *

Гухэлъ хадэр - Тхьэ лъапІэм и тыгъэщ,
Япэ къэсым ирамыпэс фІыгъэщ.

А хэгъэгум уафэр щынэхъ къащхъуэщ,
А хэгъэгум щІылъэр щынэхъ щхъуантІэщ.

Удэгъэгъахэр щынэхъ щхъуэкІэпльыкІэщ,
Къуаелэбзур щоушэ нэхъ телъыджэу.

Къыщыптопсэ дыгъэ бзийр нэхъ гуапэу,
КъыщыпщІехур жьыбгъэри нэхъ щабэу.

Гухэлъ хадэм зэгуэр уимытамэ,
Захьымыбжэ мы дунейм тетахэм.

Дыщыпсэу дунейр абы хуэдамэ,
Темытынут щІы хъурейм зэдауэ.

Гухэлъ хадэр псысэхэм я лъахэщ,
ЗэгуэкІуахэм щагъахъэ пщІыхь дахэщ.

Гухэлъ хадэм, хэмытыххэу упщІэ,
НаІуэ щохъур мы дунейм и купщІэр.

Жаннэ сэрэ, насыпкІэ дыгугъэу,
Дитщ а хадэм, Іэпэзэрыыгъыу.

VII

Си хъыбарым къыпысщэным ипэ,
НыфхуэсщІынут сэ и гугъу си гуапэу,

Гъусэ адкІэ щытхуэхъуну щІалэм,
(Дыкъыщыздэхъуащ дэ тІур зы хьэблэ).

Ныбжьэгъу пэжу тІощІ уимыІэфыну,
Зы къыунтамэ а тІощІым пэхъуну,

Бжы уи кІэн мы гъащІэм къыщикІауэ,
Зылъытэж дамитІ уэ къыштекІауэ.

Адрей псоми япэ изгъэщауэ,
Си ныбжьэгъущ Ахьмэд сэ Іэджэ щІауэ.

Ди унитІыр зэпэщытщ, зэхуэплъэу,
Зым и пщІантІэм адрейр удэплъэу.

ДызэрыщІэу сыткІи дохь ди гъащІэр,
ЗэІурылъщ ди ерыскъы игъащІэм.

ДыкъокІуэкІыр псэкІэ къысхуэпэжу.
Сэри ар пездзыхыркъым си къуэшым.

Махуэ дэкІмэ дызэрымылъагъуу,
Дыгъэпс махуэри къытфІощІыр пшагъуэу.

Зы хьэнтхъупс шынакъкІэ ар нэхъыжьщи,
Сыхуэныкъуэ мэхъу и чэнджэщ Іущхэм.

ФымыгъэгъуэщэнкІэ сыфщыгугъыу,
Къыхъизошэ ди Іуэхум сфІэигъуэу:

ЩІалэ есщ, щхьэц фІыцІэщ, кьарууфІэщ,
Зэзэмызэщ зэрыплъагъур гуфІэу.

УщІэплъамэ абы и нитІ пІащэм,
КъощІэ кууэ зэрыхэплъэр гъащІэм.

ТэмакъкІыхьми, щІы зэрызэхихыу
КъызокІуэкІыр - игу а зырщ темыхуэр.

Лъагъуныгъэр, пэжыгъэр и плъапІэщ,
И Іуэхущіафэщ щІыхуэ зэригъэлъапІэр.

Тепсэлъыхькъым езыр и зэфІэкІхэм,
Іэдэбагъыр, гуапагъэр къобэкІыр.

ПщІэ нэхъыжьым, щІыхубзым хуищІыныр
Хэлъщ и хьэлым, къыпхуэмыхьыну.

Зым и пшыни пхудемыжьууну,
Напэм щхьэкІэ зыкъыугъэукІынущ.

ФІэфІщ макъамэ, уэсэ щІэдэІуну,
Дахагъ нэсыр псэкІэ зыхищІэну.

Къахэмыщу адрейхэм зыкІи
ЕкІущ, гурыхьщ абы и зыхуэпэкІи.

ЗыхуэсІуатэу си гурыльэ-гупсысэ
Сэ а зырщ мы щІым щызиІэр гъусэу.

Куэд хэмылъ ди хьэлым зэщхьэщыкІыу.
ЖаІэ, уеблэм, фэкІи дызэщхьыщэу.

Дызэхагъэгъуащэу абы сэрэ,
Къыдоупщі: фызэмыкъуэшу пІэрэ?

VIII

УкІуэтэхукІэ - бгыжьхэри йокІуэтыр,
Сэ къысфІощІыр насыпри апхуэдэу.

Ди насыпыр дыщэм ефІэкІ фІыгъуэт,
Зытрамыгъаплъэм ещхьт и фыгъуэ.

Сыхуэсакъми сэ, хьэкъущыкъу къутэну,
СхульэкІакъым ем ар щысхъумэну.

Жаннэ сэрэ ди зэхущытыкІэр
Махуэ къэсыхункІэ хъурт нэхъыкІэ.

Куэдрэ къэхъурт жесІэр зэхимыхыу,
СыпсэлъакІэ, трубкэр къытримыхыу.

Хъуат нэгъуэщІ абы и зыІыгъыкІэр,
Ямэрейм ещхьыжтэкъым и плъэкІэр.

Кьыхьыхьат хьэл гуэр сыщымыгъуазэу,
Къомыплъыщэу и бгъур къыпхунгъазэу.

Хамэ налъэ ислъагъуэрт и нэгум,
А зытІэкІури къытехьэлъэрт си гум.

Псынэ къабзэм хэзэрыхьа пшахъуэу,
Си гуфІэгъуэм гухэщІ кьыхэпшахъуэрт.

КІуэтэхункІэ си гуфІэгъуэм хэщІырт,
АпщІондэху кьыхэхъэрт си гухэщІым.

ИщІт гурыщхъуэм тІысшІэ си гущІэр,
СфІызэІищІэрт, Іэншэу, си гурыщІэр.

Псэм къыщІэфт, псыдыуэ фІэкІ умыщІэу,
Дзыгъуэм хуэдэу, къриншхыкІт си гущІэр.

Къэхъуа псор къызгурымыІуэт щІагъуэу,
Зихъуэжт Жаннэ, си нитІымкІэ слъагъуу.

IX

Телъщ си стІолым и письмор си дахэм,
Сыту пІэрэ къитхыр си псэ махэм,

Зи Іуплъэгъуэ закъуэ сыхуэзэшу,
Зи хъыбар сыпэплъэм семызэшу?

Сыхуэныкъуэу псалъэ Іэфі-гуапащэ
Зэтызочыр сэ письмор сыпІащІэу.

Япэ псалъэм си гущІэр кьеуІэ,
Хьэуэ, мыр си щащэркъым жызыІэр,

Ауэ, зызошыІэри итІани,
Ныздожьсыр мы тхыгъэ-гукъанэр:

«Сыпхуеижькъым. Псори лъэлъэжакІэщ,
Сэ иджы тэмэму къызгурыІуакІэщ -

ГъащІэр зэ фІэкІа къыщыдимыткІэ,
КъыІыумыхыу, абы псори епткІэ

ЩІым псэуа узэрыщымыхъунур,
Дыхьэшхэни уаэрыщыхъунур.

Гухэлъ гуэрхэр щытами пхуэсщІауэ,
Бжьыхьэ щІащэу бжы пыщэщыжауэ,

Уи гур сытым щхьэкІи пебгъэсыкІыу
Упсэуным сфІощІыр зы кІимыкІыу.

Лъагъуныгъэм сэ насып хэслъагъуэрт,
Ауэ сыт? - Ар къыщІэкІащ щыуагъэу.

Хуэмеихэу икІи къамылъыхъуэу,
Абы щхьэкІи зикІ нэхъыкІи мыхъуу,

Дапщэ псэурэ гухэлъым пэІэщІэу?
Ауэ щыхьыкІэ, яхь абыхэм гъащІэр

Зэрыхуейуэ, зыми хуэмымыкъуэу,
Жьыр ямыщІэу къыщепщэ лъэныкъуэр.

Ди мурадхэр зыкІи зэтемыхъэ, -
Уи щхьэ Іуэху мы щІым уэ щызумыхуэ -

ГъащІэу уиІэр щІыхум хахуадажьэу
ЕпхьэкІынущ бгъуэтыхункІэ лажьэ.

Сэ сыхуейкъым апхуэдэу гугъусыгъуу
Сытетыну мы дуней щтырыгъум,

Сыхуейщ нэгъуэщІ гуэрхэм семыхъуапсэу,
Си жьэгу хуабэу, зэрыфІэфІу си псэм

ЕсхьэкІыну гъащІэр нэгузыужьу -
Сэ аращ бжесІэжьр уэ яужьу.

Арщи, уэрэ сэрэ дызэпокІыр,
Зы мафІэгум дисми, сэ сыкъокІыр.

СыногуэуэкІамэ, къысхуэгъэгъуи,
Къэгъуэтыж нэгъуэщІ зыгуэр Іэпэгъуу».

(КъыкІэлъыкІуэнущ).

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

Зыгъэхьэзырар
НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэщ

● Тхыдэ

Адыгэ шу

Балигъ хъууэ шырэ Іещэрэ зэригъэпэща нэужь, нартыр зекІуэ йожьэ. ЗекІуэм къыщонахуэ нартым и ЛІыгъэр: зекІуэ щІежьэ хабзэр бийр хагъэщІэн, яІэ ящІэжьын щхьэхІэщ е шьбз гуартэ кьахун папщІэщ.

Нарт хъыбархэм кьыззэрыхэщщи, зекІуэ ежьэмэ, нартхэм гъэзгуанэшхуэ зэпач: Индыл зэпрокІ, хы ТІуащІэм дохьэ. Индыл зэпрыкІащ Насрэн ЖьакІэ зи шу пашэ нартхэр - Ашэ зыукІа Лъэбыцэжьей Индыл адрыщІкІэ ТІуащІэм дэсщ; Уэзырмэдж хы ТІуащІэм дыхьащ, кхъуафэм итыСхьэри; чынтыр зи ныкъуэкъуэгъу Бэдыноккъуэ и зекІуапІэр Тэн губгъуэщ - нарт хъыбархэм кьыззэрыхэщщи, Тэн иригъэзэурэ мэзекІуэри, чынтым яхохьэ, чынтыр хегъащІэри, шьбз гуартэ кьеху...

ЗекІуэм апхуэдэ гъэркІэ цІэрыІуэ щымыхъуа яхэткъым нартхэм. Жьы хъууэ и унэ итЫСхьэжьыху, е и щхьэр хилъхьэху (нэхъыбэм дежи аращ зэрыхъур), епсыркъым нартыр, Іещэри игъэтІылъыркъым. Адыгэхэм апхуэдэ хъыбар къадэгъуэгурыкІуэнтэкъым, зекІуэм хэт зэпытурэ я дунейр къамыхьатэмэ. Ди тхьдэм ущыгъуаззмэ, адыгэр зы махуэ епсыхуэ е и Іещэр игъэтІылъауэ уи фІэщ мыхъуным хуэдизщ.

Зэрыпхъуакіуэ Іэджэм натІэрыуапІэ къащІауэ, къумым къикІ, хым къызэпрыкІ зауэшыхэм псэугъуэ ирамыгъахуэу, лІэщІыгъуэ кІыхьхэм кІыпхьыкІащ адыгэхэр, я псэр дзапэкІэ яІыгъэ лъы щрамыкІыт маХуэ ямыпъагъуу. Зэрыгурыуэгъуэщи, апхуэдэ дунейр ижь-ижьыж лъандэрэ зи натІэ адыгэхэр зауэм хуэщІауэ псэун хуей хъурт, я щІэблэр лІыгъэм щІапІыкІын хуейуэ я пщэ къыдэхуэрт.

Аращ нарт эпосми нэгъуэщІ Іуэрыуатэхэми зекІуэлІ хахуэр щІагъафэр, абы и щапхъэм щІэблэр щІыщІагъэджкІыр. Ижь-ижьыж лъандэрэ цІэрыІуащ адыгэ шур - абы щІыхьэт тохъуэ адыгэхэм я тхьдэм щыгъуазэ дэтхэнэри.

«Зы адыгэ шум хигъэщІэфынущ бий шу тІощІ, - итхыгъащ адыгэ лъахэм кьихьа хьэрып тхакІуэ гуэрым. - Ар ишкІи, и Іэщэкіи, и лІыгъэкіи хэти йофэкІ». НэгъуэщІ зыми итхыгъащ: «Дунейм теткъым адыгэ шуудэзм пэхъун. Ар ежьэмэ, мафІэ лыгъэм эидза хуэдэщ. Адыгэ шу зыбгъупщІым зэхакъутэнущ шуущ». НэгъуэщІми етх: «Адыгэ шур бийм и дзэм хьихьамэ, ацІэнэнкІ Іэщ хъушэм хэлъэда хуэдэщ. Абы и сэшхуэр уафэхъуэпскІ пэлъытэщи, бийр лъэрыщІыкІ зэтрещІэ».

Пасэрей тхакІуэхэм, щІэныгъэлІхэм, дзэпщхэм, тхыдэджхэм кьыззэрІуэтэжьмкІэ, зауэм Іухьамэ, адыгэ шум и псэр пытыкъу зиттэжьым, бийм псэууэ зы ІэриГъэхьэнутэжьым, апхуэдэ кьызыщыщІыр цІыхум хабжэжьртэкъым, гъуси ящІыжьыртэкъым.

ИлъэсыМ нэблагъэкІэ гъуэгу щытет щыІэт зекІуэ ежьар. Я пашэр Іущмэ, дуней илъэгъуамэ, зекІуэ ежьа шу гупыр гъуэгум щыгъуэщэнутэкъым. Гъуазэкіэ еджэу щытащ зекІуэ ежьа шу гупым я пашэм. Гъуазэр ныбжькІи лъэпкъкІи кьыхэхьртэкъым, гъуазэ ящІыр зекІуэлІхэм я дзыхь зрагъэз, пщІэ зыхуащІ, лІыгъэ зыхэлъ цІыху Іущыртэ. Гъуазэм и псалъэм емыдаІуэ, абы и унафэм емыувалІэ зекІуэм кьыхэкІыртэкъым.

ЗекІуэ ежьа шу гупыр кІуэдыпІэ ихуэнуми зыпІежьар къехъулІэнуми зэпытар гъуазэрат, арат абы и пщІэр щІэпъагэр.

ЗекІуэ хабзэр куэдра яхэлъащ адыгэхэм - лІыгъэ зэхэгъэкІыпІэу. Ар хэбгъэгъащэ хъунукъым иужькІэ дунейм кьытеужьгъауэ щыта хъунщІакІуэ-дыгъуакІуэ гупхэм.

КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид.

● Хабзэм щыщ

Псалъэхэм къарыкІыр

Жыджэрыбжьэ. ЩІыхьэхум епха хабзэщ. Мэз е мэкъушэж щІыхьэху щащІам деж псом япэ и Іуэхур зэфІигъэкІыу къэсыжа гущхьэІыгъым фадэбжьэ иратырт. Абы жыджэрыбжьэкІэ еджэу щытащ. Хабзэр кІуэдыжащ.

Уэкъулэ. ЦІыхур къулейсыз дыдэ хъуамэ, шхынрэ фадэрэ зэригъэпэщырти, и ныбжьэгъу, и цІыхугъэ зыдэс кІуажэ кІуэрт, «уэкъулакІуэ сыкъэкІуащ», жиІэрти. Ар здэкІуам ефэ-ешхэ кьызэІуихырти, и кІуажэгъуэр къригъэблагъэрт. Абыхэм ящыщ дэтхэнэми лъэІуакІуэ кьэкІуам хуэзфІэкІ тыгъэ хуищІырт. Хабзэр кІуэдыжащ.

МеркІафэ. УэкъулакІуэ нэгъуэщІ къуажэ кІуа цІыхум кьызэригъэпэщ ефэ-ешхэм меркІафэкІэ еджэрт. Апхуэдэу щІеджэри абы зы меркІэ из нэхърэ нэхъ мащІэ кърат зэрымыхабзэр арауэ кьыщІэкІынут. Хабзэр кІуэдыжащ.

● Шхыныгъуэ

Къаз тхьэмщІыгъу гъэжьа

Къаз тхьэмщІыгъу лъэсар шыуаным иралъхьэ, ар щІигъанэ къудейуэ лэпс е псы хуабэ щІакІэ, и щхьэр трапІэ, зэ къытраГъэкъуалъэри тхъурымбзр къытрах, шыгъу, къэрмэфибл халъхьэри, хьэзыр хъуху ягъавэ. ТхьэмщІыгъу вар лэпсым кьыхахри ягъэжэпхъ. Абы и ужькІэ къазыщэ упщІэтахэр тебэм ираІтьхьэ, зэІащІэурэ тІэкІу ягъэткІу, абы Іупщ1эурэ упщІэтауэ бжьыныщхьэ халъхьэ. ЗэІащІэурэ абы халъхьэ тхьэмщІыгъу вар, псывз тІэкІу щІакІэ, тебащхьэр трапІэжри, псыр щІэвэщІэу щэ дагъри абы доткІу. Бжьыныху упщІэтарэ шыбжий сыррэ халъхьэжри, тхъуэплъ хъуху ягъажьэ. Адэкіэ псывз тІэкІу щІакІэри тебащхьэр тепІауэ дакъикъэ зыгІыкІэ ягъэбжкъ, мафІэр щабэу блэуэ. Псыр щІэмывэщІапэу хьэкум кьытрахьж, тепщэчым иралъхьэри Іэнэм пщтыру трагъэувэ, шыпс хуэдэу кьыщІэнари тракІэж. ПІастэ хуабэ е цІывынэ дашх. Гуэгуш, бабыщ тхьэмщІыгъухэри мыбы ещхьыщ зэрагъажьэр.

Халъхьэхэр (зы цІыху Іыхьэ):

Къаз тхьэмщІыгъуу - грамми 150-рэ

Къэрмэфиблу - 3

Къаз дагъэу - грамм 30

Бжьыныщхьэ укъэбзауэ - грамм 80

Бжьыныху укъэбзауэ - грамм 50

Шыгъуу, шыбжийуэ - узыхуэйм хуэдиз.

КЪУБАТИЙ Борис.

● Псалъэ пэжхэр

Лъэпкъыр зыхъумэр и Хэкурщ

♦Угубжьауэ унафэ умыщІ, уху эмыщІауэ лэжьыгъэ щІумыдзэ.
♦Удэфэгъуафіэм и ныбэ из хъумэ, шыуаным йолъэпауэ.
♦Уи хадэм кхъуэ ибгъэхьамэ, къипхыжьынІауэ ущымыгугъыж.
♦ Фадафэм и псалъафэрэ ефэнымкІэ унэтІащ.
♦ЦІыхум кьахэщыр жагъуэгъу щыщІэркъым.
♦ЦІыхур нэхъ жьыжьэу уафэм дэкІуеиху, и кІуэдыжьгъуэр нэхъ гъунэгъу мэхъу.
♦Лъахэр анэ-адэпсэщи, псэм щІапІыкІ бынхэм я щІылъэ бынжэщ.
♦Лъэпкъыр ещІэмэ, щІакІэр къонэ.
♦Лъэпкъыр зыхъумэр и Хэкурщ.
♦ЛІым и хэку щыгъупщэркъым.
♦ЛІэщІыгъуэр илъэсищэракъым - Іуэхуищэращ.
♦Мазэм и пІэкІэ дыгъэ кьыкъуэкІыркъым.
♦Мазэр Іэгукіэ пхущІэхъумэнукъым.
♦Мазэхэр гъэуэ зэхохьэ, гъэхэм лІэщІыгъуэ къагъэщІ.
♦Мэзыр жыг зырызу зэхэтщ.
♦Мы дунейр шэрхъщи, гудзэ и лъэувыгъуэщ.
♦Мывэри зэманым пэщІэтыфыркъым.
♦Мы дунеижьыр гъапцІэпэрышэщ.
♦Мыунэфрэ удэфарэ Истамбыл мэкІуэж.
♦НэгъуэщІым и унэ уис нэхърэ, уи бжэщхьэІу утесжми нэхъыфІщ.
♦Пэжагъ зимыІэм цІыхугъи иІэхъым.

Уахъ урикъуэмэ, хъунущ, тІо!

ЦІыхухэм адыгэ хабзэхэр Іэдэбу ягъэзащІэм, Уэсмэн дадэ игу хэхъуэрт, ямыгъэзащІэртэкъэ - и жагъуэ хъурт. И жагъуэ хъууэ къэмынэжу, ириубыдыпІапэрти, игъэукІытэрт: «Адыгэ укъилъхуакъэ? Адэ-анэ уагъэсакъэ?»

ЗыБЖАНЭ щІауэ Уэсмэн зы щІалэ мыцІыху нэмысыншэ гуэрым хуэзгуэпырт. ЩІалэр зэ лІыжь гуэрым и ижьырабгъум щыту, зэ фызыжь гуэрыр и сэмэгурабгъум щыту, зэи нэхъжьыкІтІым я зэхуаужь дзэгъэ щыщІыпІэ кІуэуэ уэрамым щрихьэлІэрт. АпщІондэху Уэсмэн щІалэ мыцІыхум еуцырт, егиерт, здэщытын хуей лъэныкъуэмкІэ игъэувыжырт. Арщхьэкіэ абы адыгэ хабзэ дахэр хузыхэлъхьэртэкъым. Хузыхэлъхьэпэнуми, кьыфІэІуэхутэкъым.

Апхуэдэу екІуэкІыуэрэ, Уэсмэн дадэ а щІалэ мыцІыхумрэ зы лІыжьырэ зэгъусэу уэрамым кърикІуэу ирихьэлІащ. ЩрихьэлІам, аргуэрыжьти, щІалэр лІыжьым и ижьрабгъум щытт. ИтІанэ Уэсмэн дадэ зэгуэпуэу абы еупщІащ:

- Уэ хэт урищІалэ, тІо?

-Дырагун Ухъ!

- А-а!.. Уахъ урикъуэмэ, хъунущ, тІо! - пищащ лІыжьым и псалъэм. - Дэнэ пІэнкъуэкІэ ущытми хъунущ, тІо! Тхьэ дыгъыІэ, зэрымыщІэкІэ, уэри бэлыхь ухэзгъэтамэ, сэри хьэзаб зытезгъэлъамэ!.. ДяпэкІэ гугъу дызэрегъэхьыжынукъым!

Дырагун Ухъ зэрыхабзэншэжьыр, зэрынэмысынщэжьыр Уэсмэн дадэ ищІэртэкъэ?..

ДУДАР Хьэутий.

● ФщІэуэ пІэрэ?

Лимоныр сэбэпщ

ШхапІэхэм щылажьэхэм лимоныр куэду къагъэсэбэп. Уеблэмэ, абы и купщІэм къищынэмыщІауэ, и фэри шхыным халъхьэ. Абы и сэбэпынагъыр къэфлъытэу, фэри а щапхъэм фытет хъунущ.

ЛИМОНЫР ятхьэщІри, щІыпІалъэм далъхьэ. Ар щта нэужь, къыдахри, ятхъунщІ.

Лимон тхъунщІар хэпІтхъэ хъунущ хадэжкІхэм кьыхэщІыкІа салатым, мороженэм, хьэнтхъупсэм, макароным, прунжым, бдзэжьейм кьыхэщІыкІа щхыныгъуэм, нэгъуэщІ куэдми.

Лимоным щхынщ зэрицъэІэфІым къищынэмыщІауэ, сыт хуэдэ сэбэпынагъ пыпъыр?

Къэбгъэлъагъуэмэ, лимонырфэм витамину хэлъыр проценти 5 - 10-кІэ нэхъыбэщ, лимонпсым хэлъым нэхърэ. КъищынэмыщІауэ, лимонырфэр антиоксидант лъэщщи, ари зыщывмыгъэгъупщэ.

● Сабийхэм папщІэ

Бжы зэпеуэ

ТхьэлъэІу, вакІуэ къихьэжхэм деж хьэблэ-хьэблэу е къуажэ-къуажэу щІалэгъуалэр зэдэджэгуу щытащ. Къуажэ къэсыху шыкІэ нэхъ ІэкъуэлъакІуэу, зэфІэкІ яІэу шу зыхьІбл къыхахырт. Абы хуэдизыбзэ адрей кьуажэмэ къигъэувырт. ГупитІым я зэхуаку ящІырт зы шы илъыгъэрэ ныкъуэрэ, тІу нэс. Абы къищынэмыщІауэ, кьуажэ шу гуп къэсыху я гупэмкІэ лъэбакъуэ 15 - 20 хъун я зэхуакуу зэдзэкІуэу сатыр тІурытІ датІыкІырт, Іупщ1у пльэгъуу. А сатырхэм я щІыб дэтхэм адэкІэ дэтхэнэ кьуажэм я шухэри кьыщІытщ. СатыритІым я зэхуакум зыри дэткъым, нэщІщ. Ар пІрегугъуэу аращ.

ИтІанэ пхъэидзэкІэ зэхагъэкІ дэтхэнэ кьуажэм я шу гупым зэхьэзэхуэр кьыщІадзэнуми. А кьыщІэзыдзэну зи пхъэ кьикІахэм щІопщ фІэкІа яІыгъыркъым. Адрейхэм псоми бжы зырыз (шэфэр баш кІыхь е дей баш захуэ) яІыгъщ. Бжыхэр пагэущ, кьыптехуэмэ, имыгъэузын хуэдэу.

Аращи, техьа гупым ящыщ зы шу и шыр фІыуэ зэщІэпІъауэ кьожэ. Ар мыдрейхэм я пІрегугъуэм ильадэу игъэззэжу езым я пІрегугъуэм нэсыжьи хуейуэ аращ. Шур я пІрегугъуэм кьыззрихьэ нэхъ пІалъэ имыІэу мыдрей гупым я зы шу бжыр хьэзыру иІыгъьу абы щІэрэІэ, лъэщІыхьэу кьиуІэн и гугъэу. Бжы идзар кІуэжьм техуэмэ, ар зы текІуэныгъэщ. Темыхуэу фІэкІуэжмэ, зыми зыри кьихьакъым. Ауэ шу кІуэжьр кьызэплъэкІыурэ бжы кьадзар Іэзэу кьиубыдмэ, абы и ужьыр кьэзыхур ирихужьэжьинущ. Ар я пІрегугъуэм нэмысыжу кьыхуэуІэмэ, бжыр кьэзыубыдам и гупым текІуэныгъащ кьаХуехь. КьимыуІэфу щытми, бжыр кьиубыду мордейр зэрыриХужьэжьифам щхьэкІэ текІуэныгъитІ иІэщ.

Апхуэдэурэ техьа гупым я шу псори зэфІэкІа нэужь, бжыхэр адрей гупым иратри, аргуэру кьыщІадзэж. Дауи, пашэ хъур текІуэныгъэ нэхъыбэ кьэзыхьырщ, нэгъуэщІу жьпІэмэ, шымрэ бжымрэ нэхъ зыгъэІэкІуэлъакІуэфхэрщ.

МАФІЭДЗ Сэрэбий.

● Ди сурэт гъэтІылъыгъэхэр

Шагъдийхэр Къущхьэхъум щагъэхъу.
Сурэтыр **Монин Евгений** *трихащ.*

Псалъэзэблэдз

ЕкІуэкІыу: **2**. Газет, журнал, письмо хуэдэхэр зэкІуалІэ, щагуэшу Іуэхущ1апІэ. **5**. «Си шагъдий» уэрэд цІэрыІуэм и псалъэхэр зи Іэдакъэ кьыщІэкІа усакІуэ Сонэ ... **8**. Нартхэм я гъуКІэ. **9**. Мэрем махуэм мэжджытым щащІ нэмэз. **10**. Ар щащэр аптекэрщ. **13**. Кьуажэ «транспорт». **14**. ... кьесу узэрысым уимыкІ. **15**. Зеинщэ. **16**. Псы фІей ина. 17. Къэралым и щыналъэр щиух е щыщІидзэ щыпІэ. **18**. ЕгъэлеяуэУ дунейр щыщІыІэ. **19**. Адыгэ усакІуэ Іэзэ, «Іуащхьэмахуэ» журналым и лэжьакІуэу щыта. **21**. Анэкъилъху. **23**. ЛъакъуэрыгъажэмкІэ дунейпсо олимп зэхьэзэхуэхэм дыщэ медаль кьыщІызыхьа ди лъэпкъэгъу. **24**. Адыгэ театрым и джэгуакІуэ Іэзэу щыта, Абхъаз Республикэм и цІыхубэ, РСФСР-м щІыхь зиІэ я артист. **25**. «Ныбжьыщ1э ...» - Щоджэнцыкіу Алий и поэмэ.

Къехыу: **1**. Джэдкъаз. **2**. Хьэцэпэцэ, зи жылэр хужь, Японием, Корее Ищхъэрэм я шухыныгъуэ нэхъыщхьэщ. **3**. Япэ классым щІэтІысха цІыкІухэм ... - еджэкІэ ирагъэщІащ. **4**. Зи гъэгъахэр гъуэжь, зи пхъэр щабэ жыг. **6**. Дзэлыкъуэ щІынальэм щыщ кьужэ. **7**. МафІэм фІыуэ ис химие элемент, гын кьыхащІыкІыу. **11**. УзыкІуэцІрымыплъыф хьэуа. **12**. ХьэкІэкхъуэкІэ шынагъуэ е цІыхухъуцІэ. **20**. Республикэм, къэралым и блэкІа зэманыр. **21**. « ... апщий!» - сэлам екьыкІэхэм ящыщ зы. **22**. ... пыІэ. **23**. Псы зыщІимыфым папщІэ шэху гъэткІуа ирагъэфа щэкІ.



Зэхэзылъхьар
МЫІЭ Ахьмэдщ.

ЩІышылэм и 30-м ди газетым тета псалъэзблэдзым и жэуапхэр:

ЕкІуэкІыу: **1**. Бжьакъуэ. **3**. Унэ1ут. **7**. Іуащхьэмахуэ. **8**. Апъп. **10**. Блэ. 11. Щхьэ. **14**. Журт. **15**. Щыкъун. **17**. Жумэрэн. **18**. Соснапы. **23**. Инал. **24**. Бгъэн. **28**. Хьет. **29**. Баш. **30**. Нэд. **33**. ЩІэупщІакІуэр. **34**. Жагъын. **35**. Джэдыгу.

Къехыу: **1**. Бэщмакъ. **2**. Къудан. **4**. Нэхущ. **5**. Тэрмэш. **6**. Хьэблэ. **9**. Пажэ. **11**. Щынэ. **12**. Арму. **13**. Шылэ. **16**. Лэгъунэ. **19**. Оман. **20**. Лыгъэ. **21**. Жинт. **22**. Къунан. **25**. Щхьэмыж. **26**. КъуанщІэ. **27**. Адэмыгу. **31**. Хьэжы. **32**. Хьэлэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьакІэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и апэ къуэдзэ), **Жыласэ Зауэбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Асльэн, Нэщ1эныдж1э Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ1 Иэ**э

Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КьыдзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъумэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэныбмкІэ - 42-60-53; узыншагъэр хъумэнымрэ экологиемкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; хъыбарыщІэхэмкІэ - 42-22-88; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэтехым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епГыкІэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщІэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгбаззэм и 19-м Печатным и куитынымгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту яТхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ кьыдокІ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтІыпу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

12+

Индексыр П 5894 ● Тираж 1908 ● Заказ №233

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Марьянэ,** *редакторыу* **КъэкІэмыхъу Маринэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(1, 2, 3-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(4, 5, 6-нэ нап.). КомпьютерКІэ газетым и теплъэр ящІащ* **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ тралдзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.